

DEVOSYON JOUNEN AN
PAWÒL P'WOFETIK OU CHAK JOU

NIMEWO 2

Avril – Me – Jen

2025

BonNouvèl

Jounen an

GRATIS
PA POU VANN

PATÈN NOU YO PEYE POU DEVOSYON
SA DEJA KIFÈ LI KAPAB DISTRIBIYE GRATIS.

Menm jan ak dlo frèt pou yon nanm ki swaf, se konsa BònNouvèl ki sot nan peyi lwen ye (Pwovèb 25:25).

Uebert & BeBe
ANGEL



UEBERT AK BEBE ANGEL

Ak yon gwo richès eksperyans nan ministè a plen tan, Uebert ak Bebe Angel vin tounen vwa ki enpòtan anpil nan pataje BònNouvèlgras Bondye a (Euangelion) ak fè avanse ministè pwofetik la tout kote nan lemond. Antanke otè ki gen anpil siksè nan liv enfluyantankou Spiritual Warfare, Prayer Banks, Supernatural Power of The Believer, Grace Driven Life, ak Devosyon BònNouvèl Jounen an, yo fè gwo kontribisyon nan literati Kreyen an.

Renome pou vizyon, inovasyon, ak lidèchip dinamik yo, Uebert ak Bebe Angel se oratè konferans ke yo ap chache anpil. Kòm pyonyemondyal ak fondatè Legliz GoodNews (Spirit Embassy) ak detantèofis Pwofèt la, yo gen yon enpak pwofon sou lavi plizyè milyonmoun atravè mond lan, gide pa yon angajman san parèy pou simayerelasyon BònNouvèl la ak pouvwa transfòmatif ki genyen nan gras Bondye a (Euangelion).

KONSÈNAN DEVOSYON BÒNNOUVÈL JOUNEN AN

Devosyon BònNouvèl Jounen an se yon resous Kreyen trè apresyeki ekri ak anpil swen pou pote anrichisman espirityèl chak jou nan ane a. Li ofri ide pwofon, revelasyon pisan, ak deklarasyonpwofetik chak jou nan objektif pou gide lektè yo nan yon lavi kisantrè sou Kris, ki pran rasin nan ansèyman transfòmatif akrevelasyon Pwofèt Uebert Angel yo. Pibliye chak 3 mwa, devosyon sa distenge li nan fason li etann li nan mond la, kote ke li disponibgratis nan anpil lang pou depase baryè lengistik yo epi asire ke mesaj pou chanje lavi li yo aksesib tout kote nan mond la.



Madi, 1 Avril

PA TONBE

Jid 1:24

Koulye a tout lwanj, tout grandè, tout pouvwa ak tout otorite pou yon sèl Bondye a, pou Bondye ki ka kenbe nou pou nou pa tonbe, li menm ki kapab fè nou parèt san repròch ak kè kontan devan l' nan tout bèl pouvwa li.

Kèk Kreyen kite yo enfluyans fasilman ak pawòl ki attire imanite yo pito ke ak divinite yo. Anpil konsantre yo sou Ekriti yo, sitou Ansyen Testaman, san reyalye ke, kòm Kreyen, kòd kondit nou dirije ak prensip lagras ki nan Nouvo Testaman yo. Lèm di “Nouvo Testaman,” mwen pap fè referans ak pati enprime ki anvan Matye nan Bib fizik yo. Ebre 9:16-17 eksplikè ke Nouvo Testaman te kòmanse ak lanmò Kris.

Konsidere yon fraz komen ke anpil Kreyen prete nan Ansyen Testaman: “Yon moun ki dwat tonbe sèt fwa epi li leve ankò.” Menm si sa se yon verite, li se yon ti revelasyon pou Kreyen Nouvo Testaman yo. Jid di nou ke Bondye kapab anpeche nou tonbe. Aksepte verite siperyè sa: kwè ke Bondye ase pisan pou anpechen trebiche nan peche. Kanpe fèm jodiya epi deklare, “Mwen pap tonbe!”

DEKLARASYON PWOFFETIK

Pisans Bondye soutni mwen. Mwen mache ak konfyans nan gras ak fòs Kris la, konnen ke Li pèmèt mwen kanpe fèm ak lib anba peche. Mwen ranfòse ak gras poum viv yon lavi viktorye. Mwen dekrete ak deklare, nan ane sa menm mwen pap tonbe! Paske Senyè a se Gadyen mwen, epi Li prezante mwen san fot ak lajwa kap debòde. Alelouya!

ETID KONPLEMANTÈ

Ebre 6:1

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Samyèl 30:11-31:13; 2 Samyèl 1-2

www.goodnewsdailydevotional.com



Mèkredi, 2 Avril

RICH NAN DIFE

Sòm 5:3 (MSG)

Chak maten ou tande vwa m.

Èskew janm fè eksperyans yon jou kote pwoblèm ap vin jwenn ou soti tout kote? Chak pwoblèm, chak defi, ak chak obstak ou rankontre gen yon repons espirityèl, e repons sa se dife!

Jezi Limenm te konprann sa. Menm si Li te pale pou kreye jounen an, Li te konnen kew paka rantre nan yon jounen kote kew pat investi dife. Li te leve byen bonè, anvan solèy la te parèt nan orizon an, poul te sanble dife pou jounen ki tap vini an. Si Sila ki te kreye jou yo te bezwen prepare yo ak dife, èske nou pa gen plis rezon poun fè sa?

Men reyalyte a: tout pwoblèm pa egzije menm nivo dife. Menm jan ak envestisè yo ki konprann ke diferan mache mande diferan estrateji, nou dwe rekonèt ke gen de pwoblèm ki egzije pi gwo envestisman nan dife. Èskew se yon milyadè nan dife, oubyen èske rezèv difew an fayit? Èskew investi ase dife pouw fè fas ak defi yo nan fanmiw, karyèw, oswa santew? Pa rantre nan jounenw san prepare. Kèlkeswa pwoblèm nan, repons la se dife!

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen dekrete ak deklare ke nan ane sa mwen pap janm rantre nan yon jou san investi dife ladanl. Mwen se yon milyadè nan dife, ki gen ase pou alimante eksplwa yo. Vi lapriyè mwen limen ankò. Chak pwoblèm pral boule ak dife nan non pisan Jezi a, Amèn!

ETID KONPLEMANTÈ

1 Wa 18:38

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Samyèl 3:1-6:11

www.goodnewsdailydevotional.com



Jedi, 3 Avril

PALE SOLISYON YO

2 Wa 4:2 (NKJV)

Elize mande l': "Kisa m' ka fè pou ou?"

Èskew janm panse ke Bondye pa gen okenn pwoblèm? Li pa gen enmi paske pa gen okenn antite ki ka defye Li. Li twò gwo poul ta gen enmi, epi pwoblèm yo kouri lwen Prezans Li.

Kounye a, tande sa. Labib di nou ke nou nan Kris, sa vle di ke nou anndan Sila ki pa gen pwoblem nan. Poutan, youn nan pi gwo erè Kreyen yo fè se ret tann pou yon moun delivre yo nan pwoblèm yo. Sa se prèv ke yo poko dekouvri kiyès yo ye nan Kris.

Jezi te di, lèw te wè Mwen, ou te wè Bondye. Ou ka di menm bagay la. Ou pa sila ki ap tann yo pote delivrans pou li; se oumenm ki pote delivrans la. Elize rekonèt ke se limenm ki pote solisyon yo. Oumenm tou ou pote solisyon yo. Ou pale tankou yon gran prèt, yon megafòn, pou Bondye. Nenpòt bagay ki oze leve tèt li nan prezans ou kòm yon pwoblèm, kòmandel sòti epi pale solisyon an!

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen twò gwo pou dyab la deranjem. Mwen pote Bondye; poutèt sa, mwen pote solisyon. Lèw wè mwen, ou wè Bondye. Mwen dekrete ak deklare, se mwen ki pote delivrans; lèm parèt, pwoblèm yo sòti. Mwen pale kounye a kòm yon gran prèt pou Bondye e mwen kòmande chak pwoblèm, sòti nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Jan 14:9

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Samyèl 6:12-10:19

www.goodnewsdailydevotional.com



Vandredi, 4 Avril

PWOGRAFE POU LAVI

2 Korint 5:17 (NKJV)

Poutet sa, si nenpòt moun anndan Kris, li se yon nouvo kreyasyon; vye bagay yo pase; gade, tout bagay yo vin nouvo.

Chak panse te ankòde nan ADN ou. Mwen te pale sou sa anpil nan liv mwen an, Genetics of Words. Kodaj sa gen ladann tout panse zansèt ou yo, bon ak move, ki te transmèt ba ou epi estoke nan ADN ou, men li pran pawòl nan bouch ou pou debloke pouvwa yo.

Doktè yo mande istwa sante fanmi yo paske yo konprann ke si maladi yo la, se paske yon moun aktive yo. Doktè sa yo gen dwa pa konprann kijan sof si yo konnen prensip newosyans yo. Poutan, Bondye fèl, epi Li di nou kle a se pawòl nou yo : ou viv oswa mouri, leve oswa tonbe, pa pawòl ou yo.

Menmsi fanmi biyologik ou te gentan predispozew jenetikman pou maladi, echèk, oswa mank, kòm Kretyen, ou pa anchennen ankò ak okenn pwogram negatif. Ou genyen ADN Bondye. Ak pawòl ou yo, ou ka pran otorite sou nenpòt limitasyon kew « erite. » Declare lavi, sante, ak bon siksè, konnen kew pwograme pou yon lavi abondans!

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen chanje ADN espiryèl ak biyologik fanmi mwen epi mete pwosperite nan liyem. Kò mwen se tanp Sentespri, e Kris ap viv nan mwen. Mwen rejte tout doulè, maladi, echèk, ak mank. Mwen deklare sante pafè, siksè abondan, ak yon lavi ranpli ak lajwa epi lapè nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Jan 10:10

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Samyèl 11-13

www.goodnewsdailydevotional.com



Samdi, 5 Avril

CHANJE AJAN

Matye 5:13 (NKJV)

Ou se sèl latè a; Men, si sèl la pèdi gou li, kòman yo pral sizonnen li?....

Sèl pa janm sispann sèl. Poutan, li ka pèdi gou ak efikasite lè li kontamine, fonn, oubyen ekspoze ak lòt eleman. Menm jan tou, Kreyen yo ka pèdi enpak espirityèl yo si yo vin enfliyanse pa bagay enpi mond lan oubyen pèmèt lafwa yo fonn nan neglijan.

Jezi rele nou “sèl tè a, » sa ki raple nou ke objektif nou se prezève epi ajoute gou ak mond ki antoure nou an. Men si lavi nou vin “kontamine” lèn konpwomèt vale yo oswa « fonn » ak mank lafwa, nou pèdi diferans ki genyen ki fè nou gen enpak.

Lè nou anbrase wòl nou kòm “sèl tè a,” nou rekonèt gwo enfliyan Bondye ban nou pou konsève, pirifye ak transfòme. Menm jan sèl transfòme anviwònman li, nou menm tou nou gen pouvwa pou chanje atmosfè, kraze modèl, epi pale lavi kòm anbasadè Bondye yo, pote esans Wayòm Li an nan chak zòn enfliyan.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Ane sa, mwen leve nan kapasite mwen kòm brizè malediksyon nan fanmi mwen, kominote a, ak gouvènman. Okenn lwa pa pral adopte pa gouvènman lokal oswa nasyonal san enfliyan mwen. Mwen se yon kòmandan teritoryal—epi pawòl mwen yo pote pwa nan wayòm espirityèl la pou ranfòse kòz jis Bondye yo, nan Non pisan Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Ròm 12:2

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Samyèl 14-16

www.goodnewsdailydevotional.com



Dimanch, 6 Avril

BLOKE

Ezayi 59:19 (NKJV)

Lè lènmi an vini, tankou yon inondasyon, Lespri Seyè a ap leve yon estanda kont li.

Nan Zakari 2:8, Bondye rele pèp Li a “plim je Li,” yon fraz ki fè referans ak je ki se youn nan pati ki pi sansib nan kò a. Je a gen yon reflèks ki pwoteje li imedyatman kont nenpòt ki mal—batman oswa fè dlo pou bloke ak chase nenpòt bagay ki eseye rantre anndan li.

Bondye aji tankou yon boukliye pou pèp Li a. Li deplase rapidman pou defann ak pwoteje nou lè lènmi an menase fèn mal. Menm jan pousyè, gwo limyè oswa blesi aji sou je nou, lavi nou ka fè fas ak atak espirityèl. Men, deklarasyon Bondye nan liv Zakari raple nou ke Bondye konsidere kòm pèsònèl tout atak ki fèt kont nou.

Nan Kris, ou pwoteje pa Bondye, barikade menm nan mitan danje. Nan ane sa pa gen okenn zam ki fabrike kont ou kap atenn ou paske Bondye, Defansè w la, ap veye sou ou, toujou prè pou bloke tout atak.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen dekrete ak declare ke mwen se plim je Bondye, pwoteje ak barikade de tout atak. Lè enmi an vini, tankou yon gwo inondasyon, Lespri Senyè a reponn kòm yon fòs yo paka bloke pou repouse avans lènmi an. Pa gen okenn mal ki ka touche m san repons rapid Bondye, paske Seyè ki gen tout pouvwa a ap veye sou mwen, Defansè Envensib mwen an! Dyab, ou bloke!

ETID KONPLEMANTÈ

Zakari 2:8

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Samyèl 17-19

www.goodnewsdailydevotional.com



Lendi, 7 Avril

LIBERE

Jan 8:32 (NKJV)

Epi w ap konnen verite a, epi laverite a pral fè w lib.

Libète pa otomatik; li sòti nan konesans verite a. Nan moman Pwoklamasyon Emansipasyon an, tout esklav yo te deklare lib. Poutan, anpil te rete anchenen paske yo pat tande oswa yo pat kwè nouvèl la. Menm jan an tou, nou ka libere espiyèlman, men si nou pa konnen e aji dapre verite sa, nap toujou viv kòm prizonye.

Gen yon diferans ant “Lèw” lib ak “lè yo rann ou” lib. Imajine yon zwazo ki pyeje nan yon kaj. Si pòt kaj la rete louvri, zwazo a lib, men sil pa konprann kel ka vole, yo pa vrèman rann li lib poul ka viv libète sa. “Rann” lib vle di gen konesans ki chita sou eksperyans oswa aji sou verite Pawòl la.

Pouw “konnen” verite a, nou dwe plonje nou nan Pawòl Bondye a epi aji sou li pa lafwa. Pandan nap fè sa, nou pa sèlman lib men “rann” lib. Refize kite inyorans fèw esklav ankò. Aprann konnen Pawòl la epi aji sou li!

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen refize kite inyorans marem. Pandan ke map plonjem nan verite Pawòl la epi aji pa lafwa, chak chenn nan lavim kase. Mwen mache ak asirans nan libète Kris te bay la. Mwen pa selman libere; mwen gen libète total poum viv nan laviktwa chak jou! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Ebre 4:2

365 JOU DEFİ LEKTI LABİB

Lekti jodiya se: 2 Samyèl 20:1-22:34

www.goodnewsdailydevotional.com



Madi, 8 Avril

RETE “REVEYE”

Matye 13:25 (KJV)

Pandan lèzòm yo t’ap dòmi, lènmi l’ yo vini, li simen move zèb nan mitan ble a, epi li ale.

Fraz “rete reveye” vle di rete okouran epi pa fèmen jew sou sa kap pase bò kotew. Bondye montre sa pafètman. Ekriti yo di nou Li pa janm dòmi oswa li pa janm kabicha (Sòm 121:4). Pèsonn pap janm ka twonpe Li paske Li toujou an alèt, ap veye ak pwoteje sa ki pou Li yo. Li pa janm pèdi sa ki pou li; Li se yon Gadò.

Malerezman, anpil Kretyen neglije aspè sa nan nati Bondye. Yo pa reyalize ke ènmi nou an ap tann moman somèy espiryèl yo pou plante semans pwoblèm yo. Jezi te mete aksan sou sa nan Matye 26:41, li te ankouraje nou pou nou veye epi priye pou nou pa tonbe nan tantasyon oswa mal.

Enmi an pran avantaj de somnolans espiryèl nou an, li espere pran nou pa sipriz. Donk, gen ijans pou nou rete vijilan epi chèche Bondye. Pa tann pwoblèm yo frape lakay ou. Fè yon gadò aktif—òganize yon vèy de nwit nan lapriye pou lè enmi an vini, li jwenn ou byen reveye.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen rete veye nan lapriye sou lavim, fanmi, finans, ak destinem. Mwen refize yo pranm pa sipriz; Yo pap kenbem ap dòmi nan jou pwoblèm yo. Mwen gen pouvwa ak ekipe pou defann kont chak atak. Mwen se yon gadyen, e mwen dekrete ak deklare, nan tout sa Papa a ban mwen, mwen pap pèdi anyen! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Sòm 132:4-5

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Samyèl 22:35-24:17

www.goodnewsdailydevotional.com



Mèkredi, 9 Avril

DEPLASÈ MONTAY

Zakari 4:7 (NKJV)

Ki moun ou ye, gwo montay? Devan Zowobabèl ou pral tounen yon plenn!

Mòn Everest se montay ki pi wo nan mond lan, li kanpe nan yon otè de 8,848 mèt (29,029 pye). Malgre kondisyon danjere li yo, dè milye moun ap eseye montel chak ane—tout sa nan plezi pou domine yon bagay ki tèlman gran. An reyalyite, anpil nan wout nou vwayaje jodiya te fouye nan montay yo epi aplati pou kreye chemen degaje yo. Nou fèt pou domine montay yo!

Men, se pa tout montay ki fizik. Gen kèk sitiyasyon ki sanble ak montay yo. Ou ka ap fè fas ak “montay” nan laviw—kel ta pwoblèm finansye, relasyon brize, oswa kriz sante—ki sanble enfranchisab, men yo pa depase kontwòl ou.

Jezi Li menm te di ke sin pale ak montay “sa” avèk lafwa, lap deplase (Mak 11:23). Remake janl mete aksan sou “sa”—ou bezwen presi lè wap konfwonte defiw yo. Pa jis priye vagman; bay pwoblèm yo non presi epi deklare ke yo pral retire. Pale ak konviksyon avèk montay ki nan laviw yo jodiya. Kòmande yo pou yo vin plenn.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen dekrete epi deklare kem se yon montay pou montay mwen yo! Ane sa, pa gen defi ki twò gwo pou mwen. Mwen pale ak chak obstak nan lavim. Ou menm montay finans, mwen kontwolew! Ou menm montay maladi, mwen pase boulozè atravèw! Chak montay nan lavim, mwen pale kounye a: devanm, ou se yon plenn, nan Non Jezi ki gen tout pouvwa! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Mak 11:2

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Samyèl 24:18-25; 1 Wa 1:1-2:18

www.goodnewsdailydevotional.com



Jedi, 10 Avril

CHWAZI LESPRIW

Efèz 5:18 (HCSB)

Piga sou ak diven, ki mennen nan aksyon ensousyan, men ranpliw ak Lespri Bondye.

Moun yo souvan mande, Èske mwen ka bwè alkòl? Sa yo vrèman ap chèche se pèmisyon. Wi, ou ka bwè alkòl. Bondye pap voye yon zanj sot nan syèl pou vin fèmen bouch ou, oswa fèmen chak boutik ki ap vann tafya ki nan katyew la. Meyè kesyon an se, Èskem ta dwe bwè alkòl? Kitem reponn fason sa. Alkòl se yon depresè sistèm nève. Se poutèt sa lè moun bwèl, li afekte pawòl, balans, vizyon, jijman, kapasite pou pran desizyon ak kapasite panse yo. Menm siw pa konplètman sou, tout ou menm ap enfliyanse pa yon sèl bwason.

Bib la di nou ke Sentespri vle afekte zòn sa yo. Kounye a, men pwoblèm nan: Li pap fè konpetisyon ak yon lòt lespri. Ou dwe deside ki lespri ki pral enfliyanse w—alkòl oswa Sentespri. Olye pouw bay alkòl potansyèl pou kontwolew, chwazi pouw ranpli ak Sentespri. Pran yon angajman chak jou pou kite Li enfliyanse chak pati nan laviw.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen pap bay kontwòl ak anyen ki ka deprime kòm, nanm mwen oswa lesprim. Kò mwen se tanp Sentespri, mwen gen mantalite Kris la, epi lesprim se pou Bondye. Okenn lespri pap kontrolem sof Lespri Sen an. Mwen soumèt bay Bondye sa ki pou Li, epi onore Li ansanm ak tout mwen menm.

ETID KONPLEMANTÈ

1 Korint 6:19-20

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Wa 2:19-4:19

www.goodnewsdailydevotional.com



Vandredi, 11 Avril

KRACHÈ DIFE YO

Jeremi 51:20 (NKJV)

Ou se rach batay mwen ak zam lagè mwen yo ...

Vrè Krisyanis, nan nivo ki pi fèb li, sanble ak maji. Sa ka chokew, men se vre. Krisyanis ke anpil moun te kwè se yon move imitasyon de vrè bagay la. Nan moman ou komanse priye, ou konjle dife. Se pa yon metafò powetik oswa yon lide abstrè; se yon reyalyte espirityèl. Lapriyè ou yo jenere pouvwa sipènatorèl ki ka souke fondasyon kan lènmi an.

Eli te konprann sa. Li pat ofri pwofèt Baal yo yon diskou motivasyon oswa yon reprimann dous. Li rele dife sot nan syèl la (1 Wa 18:38). Filip te demontre pouvwa Bondye a jiskaske yon doktè sòsyè te vle achte li epi pita ta pral sipliye pou lapriyè (Travay 8:9-24).

Mande tèt ou: Ki kalite kretyen mwen ye? Si lavi kretyèn wap viv la pa fè pouvwa fènwa yo tranble, li lè pouw reveye vrè idantitew. Refize pouw se yon kretyen nan non sèlman. Ane sa, mete laviw sou lotèl la epi kite dife a limenw pouw ka manifeste pouvwa Bondye a.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen refize viv yon vi kretyèn san pisans. Mwen dekrete epi deklare ke mwen se yon zam nan men Toupisan an. Vanjans ap lokalize enmim. Mwen declare: veksasyon, konfizyon, ak mank direksyon sou enmim. Pandan map lapriyè, mwen konjle dife ki deranje, dezame, ak detwi tout travay enmi an, nan non pisan Jezi!

ETID KONPLEMANTE

Ebre 12:29

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Wa 4:20-7:39

www.goodnewsdailydevotional.com



Samdi, 12 Avril

TCHEKE NON OU

1 Istwa 4:9 (NKJV)

... Manman I 'te rele I Jabèz, li di: "Paske mwen fè l' nan doulè."

Nan yon lavi mwayèn de katreven lane, ou kapab tande yo pwononse nonw anviwon 292,000 fwa. Yon moun te di, "Non yon moun se pou moun sa son ki pi dous ak pi enpòtan nan nenpòt lang." Men, e si nonw, olyel pote lajwa, aji tankou yon malediksyon akòz siyifikasyon li?

Non yo kenbe pouvwa. Lè yo tap bay Jezi non, zanj lan te deklare: "W ap rele I Jezi, paske lap sove pèp li a anba peche yo." Non ou se yon deklarasyon pwofetik ki te pale sou ou depi nan nesans—swa pou byen oswa pou mal. Pran Jabèz, pa egzanp. Manmanl te relel "Chagren" daprè doulè li, e sa te afekte lavi li jiskaskel te priye pou yon chanjman (1 Istwa 4:10).

Dekouvri siyifikasyon nonw; reflechi sou fason li te fòme laviw. Si siyifikasyon nonw ap travay kont ou, pran otorite nan lapriyè—epi legalman—pou chanje efè li. Pale yon nouvo pawòl pwofetik sou tèt ou epi refize viv anba yon non ki limite objektif Bondye baw la.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen detache de chak chenn negatif nan jeneyaloji mwen. Mwen refize yon moun nòmval. Nan Non Jezi, mwen lage tout chenn ke dyab la te itilize pou konekte mwen ak li. Mwen dekrete epi deklare nenpòt lyen ansestral ak povrete, destriksyon oswa medyokrite kase kounye a! Alelouya! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Matye 1:21

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Wa 7:40-9:9

www.goodnewsdailydevotional.com



Dimanch, 13 Avril

DISPARISYON MOVE PAWÒL YO

Ezayi 54:17 (KJV)

Okenn zam ki te fòme kont ou pap mache byen, epi tout lang ki leve kont ou nan jijman wap kondane yo

Mo yo se resipyan pisan. Poukont yo, mo yo pa gen pouvwa, men yo pote pouvwa epi libere nenpòt sa ki anndan yo—swa lafwa, laperèz, benediksyon, oswa malediksyon. Se poutèt sa nou pa ka pèmèt pawòl negatif oswa move ki te pale sou lavi nou yo pèsiste. Sèl fason pou touye pawòl destriktif yo se ak lòt pawòl—pawòl lavi ak otorite.

Bondye baw dwa pou anile chak move deklarasyon ki te pale sou ou. Se eritaj ou pou kondane pawòl sa yo, men ou dwe aji. Bondye pa pral fèl pou ou. Chak maten lèw leve, fè tribinal nan lapriyè: pale, kraze tout malediksyon, epi jije tout move pawòl. Kòmande yo pou yo mouri, epi relache pawòl benediksyon yo sou laviw. Refize fè silans. Deklare ke pa gen zam—pa gen okenn pawòl ki te fòme kont ou— ki pral janm pwospere.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Nan Non Jezi, mwen kondane chak pawòl ki te pale kont mwen, fanmi mwen, sante nou, finans, ministè, ak avni nou. Okenn zam ki te fòme kont desten nou yo oswa relasyon nou yo—prezan oswa lavni—pral reyisi. Pa otorite Sentespri a, mwen demantle tout move plan ki te fèt pou pote esterilite, fristrasyon, oswa desepsyon. Mwen dekrete benediksyon yo, favè, ogmantasyon, ak establiite sou tout bagay ki gen rapò ak mwen, nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Ezayi 54:14-17

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Wa 9:10-11:25

www.goodnewsdailydevotional.com



Lendi, 14 Avril

LANMOU SE YON ZAM

Travay 26:17 (MEV)

M'ap delivre ou anba men pèp ou a ...

Bib la di enmi yon moun ka soti nan pwòp kay yo. Donk, pa sezi lè yon Jida leve soti nan mitan fanmiw. Salmis la te plenyen: “Si ènmim nan tap jourem, m te ka jere sa. Si moun ki rayim tap atakem, m te kapab evite yo. Men, se te oumenm, parèy mwen, konpayon mwen, yon moun mwen te fè konfyans.” (Sòm 55:12-13).

Li fè mal lè trayizon soti nan yon moun pwòch—yon manm fanmi, yon zanmi, oswa yon moun ou te panse ki tap pare kou pou ou. Bondye konnen kalite doulè sa yo. Youn nan pwòp disip Li yo, Jida, te trayi Jezi, e poutan, Li te akonpli objektif Li.

Bondye ap delivre nou menm anba moun ki pi pre nou e ki vin tounen enmi nou yo. Donk, pa sekwe lè trayizon frape. Okontrè, renmen yo paskew konnen Bondye pral delivrew. Destinew pa detèmine pa moun ki leve kont ou, men pa Sila ki kanpe avèw la. Fè konfyans ak Liberatè nou an, epi li pral transfòme chak zak trayizon nan yon pyèj pou viktwa ou.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen dekrete e mwen deklare ke trayizon pap sekwen oswa deranje destinem. Pa gen okenn atak de moun ki pwòch mwen yo ki ka bloke plan Bondye pou lavim. Lanmou se zam mwen, e Senyè a delivrem anba tout enmi kache. Nan non Jezi ki gen tout pouvwa, chak zak trayizon se yon etap pou viktwa mwen. Alelouya!

ETID KONPLEMANTÈ

Ròm 12:20

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Wa 11:26-13:34

www.goodnewsdailydevotional.com



Madi, 15 Avril

REPONN APÈL POU GRANDÈ A

Sòm 68:1 (NKJV)

Kite Bondye leve...

Bondye pa nan medyokrite. Li te mete pwòp lafwa Li nan nou pou lè Li pale, nou ka reponn ak menm lafwa Li itilize a. Poutan, anpil kretyen kwè pa erè ke lè Bondye pale, Li ap pale ak yo epi yo filtre Pawòl Li atravè pwòp limit pèsepsyon yo kòm moun. An reyalyite, Li ap adrese Bondye ki nan yo a.

Lè Li relew pouw genyen nasyon yo, Li pap pale ak pwòp tèt ou nan natirèl. Lè Li diw pouw finanse tout yon ekonomi oswa pouw bati yon ministè mondyal, Li pap pale de kapasitew yo kòm moun. Li ap pale ak Bondye ki nan yo a. Nenpòt enstriksyon ki sanble enposib pou yon moun akonpli, li posib ak Bondye.

Bib la di: “Plan kè yo se pou lèzòm, men repons lang nan se nan men Senyè a.” (Pwovèb 16:1, ESV). Lè li pale ak ou, anvanw reponn, tcheke pou wè si repons ou a se sa Li tap di. Kite grandè Li ki nan ou a leve, epi sèvi ak lafwa Li a pouw akonpli bagay ekstraòdinè.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Kite Bondye leve nan mwen! Mwen rejte medyokrite ak ti panse, paskem pote pouvwa san limit Bondye anndan an. Lè li relem poum enpakte nasyon oswa finanse ekonomi yo, mwen reponn ak lafwa Bondye a. Mwen pa mare pa limit lèzòm yo. Mwen akonpli bagay ekstraòdinè. Mwen pale ak grandè ki anndanm nan epi kòmandel pou li leve! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Matye 19:26

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Wa 14-17

www.goodnewsdailydevotional.com



Mèkredi, 16 Avril

KOURI!

Sòm 114:3 (MSG)

Lanmè te fè yon sèl koudèy epi li kouri yon lòt bò...

Lè pitit Izrayèl yo te soti kite peyi Lejip, yo pat poukont yo. Yo te deplase ak prezans Bondye—yon kolòn dife ak nwaj te akonpaye yo, yo te kreye yon atmosfè de pouvwa Bondye. Nan Egzòd 14:24-25, nou wè ki jan Bondye gade anba nan kolòn nan epi boulvèse lame peyi Lejip la, Li lakòz wou cha yo rache. Ejiptyen yo te panike, yo di: “Ann kouri... paske Seyè a ap goumen pou yo!” Lènmi an te konnen yo pat gen ponyèt pou afwonte Bondye.

Ekriti nou an pou jodiya deklare “lanmè te fè yon sèl koudèy epi li kouri nan yon lòt bò”. Menm jan lanmè a te fè wout pou pèp Bondye a, ènmiw yo—kit se maladi, pwoblèm finansyè, oswa nenpòt bagay ki kanpe sou wout ou—yo pral kouri tou paske Bondye avèw.

Imajine povretew la pran yon sèl koudèy nan prezans Bondye epi kouri ale. Imajine maladi kap tranble epi fè bak, paskel konnenl pa ka genyen. Kèlkeswa pwoblèm ou rankontre jodiya, konnen sa: Bondye avèw. Ane sa, enmi pral fè yon sèl koudèy epi kouri nan lòt direksyon!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen dekrete ak deklare tout obstak kouri sou lòd mwen. Chak maladi, kòmpanse gade lwen kounye a! Menm jan ak lanmè a ki te gade epi kouri, povrete ak echèk ap kouri lwen mwen nan non Jezi ki gen pouvwa! Chak enmi ap panike paske Bondye avèm, e chak pwoblèm dwe met ajenou devan Li! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Egzòd 14:24-25

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Wa 18:1-20:25

www.goodnewsdailydevotional.com



Jedi, 17 Avril

REKLAME SANTEW

Jan 10:10 (NKJV)

Vòlè a pa vini eksepte pou vòlè, touye, ak detwi...

Maladi se youn nan pi move fòm esklavaj. Li dikte aksyonw yo, limite libètew, epi fòsew obeyi ak demann li yo. Li pran kontwòl, sa ki afekte chak desizyonw pran. Se yon mechan tiran, e dyab la taye fwèt kach la! Kòw pat janm fèt poul malad. Nan moman yon menas etranje anvayi, imedyatman kòw lanse yon atak agresif pou detwi nenpòt bagay kap eseye fèl mal. Bondye Li menm te mete ajan gerizon nan kòw pouw geri pwòp tèt ou, repare domaj ki nan kòw san fè efò konsyan. Sou tout sa, Li mete lavi nan ou—lavi Zoé, lavi jan Bondye genyenl.

Menm maladi ki piti yo, lèw tolere yo, yo ka bay dyab la yon pye pou vòlè, touye, ak detwi santew. Pa janm aksepte okenn bagay dwòl nan kòw. Refize di dyabèt “mwen”, tansyon “mwen” wo oswa alèji “mwen”. Olye de sa, deklare sante pafè sou kòw-sa se volonte Bondye pou ou, ki rann posib gras ak lavi Kris ki nan ou.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Nan non Jezi ki gen pouvwa, mwen refize kite maladi oswa enfimite pran kontwol kò mwen. Lavi Bondye nan mwen ap revitalize ak rebay fòs ak chak fib nan mwen pa Lespri Bondye a! Chak selil nan kòm byen ak antye, epi mwen mache nan sante pafè. Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Ròm 8:11

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Wa 20:26-22:36

www.goodnewsdailydevotional.com



Vandredi, 18 Avril

MIZIK POU ZORÈY BONDYE

1 Korint 14:10 (LSB)

Gen, petèt, anpil bèl kalite son nan mond lan, e pa gen okenn ki san sans.

Mizik plis pase amizman. Kalite mizik ou tande ka fòme fason ou wè mond lan. Kèkfwa, efè yo tèlman sibtil ou pa menm remake yo. Pou egzanp, batman kèw chanje pou imite mizik wap tande a.

Eskel pa konn rive pouw gen yon chante kole nan tèt ou? “Anvi” oswa “demanjezon mizikal” sa rive lèw plede tande yon chante—sèvw bay priyorite ak son an, li fòse pansew repetel an bouk. Mizik menm deklanche liberasyon dopamine, “plezi chimik” la. Sa eksplike poukisa mizik ka fè yon moun adikte. Mizik kontwolew.

Pa janm panse, “Oh, se jis yon chante.” Chak son gen siyifikasyon epi li pwodui yon efè sou kòw, mantalitew ak lespriw. Lirik yo se deklarasyon ou fè pandan wap chante. Anplis de sa, son yo envoke lespri yo.

Evalye mizik wap tande. Sou kontwòl kiyès wap soumèt ou—Bondye oswa dyab la? Bib la di pou nou soumèt tout manm nan kò nou yo bay Bondye. Zòrèy ou ak sa wap tande tout se pou li. Kidonk, chwazi mizik ke zòrèy Bondye vle tande.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen fèmen tout aksè lènmi an te genyen nan pòt zòrèy mwen. Mwen kase tout chenn dyab la te itilize pou marem nan mizik enpi. Mwen konsakre zòrèy mwen, ekout mwen ak sa map tande. Mwen lib nan non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Ròm 12:1

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Wa 22:37-53; 2 Wa 1:1-4:28

www.goodnewsdailydevotional.com



Samdi, 19 Avril

KENBE LI FRÈ

Mak 7:13 (NKJV)

Pa rann pawòl Bondye a san zefè ak tradisyon yo te transmèt ou yo.

Anpil moun kwè sensèman pa gen anyen ki pi pisan pase Pawòl Bondye, men yo twonpe sensèman. Bib la di nou klèman ke tradisyon gen pouvwa pou rann Pawòl la san zefè, san itilite. Tradisyon se siksè fije. Siksè fije rijid, enplakab, epi li kenbew nan pase.

Lwayote pou sa moun ap fè ka fèw rate Bondye. Lwayote anvè kiltiw, tribiw oswa ras ou ka anile benefis ou antanke sitwayen Siyon. Lèw fè fas ak yon chwa ant tradisyon famiyè yo ak sa Bondye ap fè kounye a, toujou ale ak Bondye. Kite Pawòl Li pase sou tradisyonw yo. Li ka parèt enkonfòtab oswa enkonvenyan, men li kenbew nan bon bò pwofesi a. Bondye egziste nan yon sèl etènèl prezan. Entimite ak Li asire kew pa pral rete kole kot Bondye te konn ye. Li pataje sekre Li yo ak moun ki te aprann fè romans ak kè Li. Ane sa asire kew priyore tan avèk Li pouw pa janm manke sa Li ap fè kounye a.

DEKLARASYON PWOFETIK

Chak tradisyon ki te kenbem mare e fè Pawòl Bondye a pa efikas nan lavim kraze! Bondye ap fè yon bagay nouvo nan mwen; grangou mwen pou Li ap ogmante chak jou. Rivyè pwosperite yo ap koule kote esterilite te konn ye. Sa ki te pèdi ap retabli nan non Jezi. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Ezayi 43:19

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Wa 4:29-8:15

www.goodnewsdailydevotional.com



Dimanch, 20 Avril

DIFE TOU NÈF

Sòm 55:17 (KJV)

Aswè, maten ak midi, m'ap lapriyè, m'ap rele byen fò, l'a tande vwa mwen.

Imajine bay kòw yon ti vakans chak jou - se sa jèn fè! Se tankou peze bouton risèt sou sistèm ou. Ou pa jis pèdi pwa; wap bay kòw yon retouch. Selil ou yo kòmanse debarase ak dechè yo ki ap anpile, sak fèl pi fasil pou kòw boule eksè grès. Sèvwon vin pi presi, e li menm edew viv pi lontan! Menm jan jèn renouvle kòw, lapriyè renouvle difew!

Lavi yon kreyen dwe make kontinyèlman, chak jou pa lapriyè. Chak sesyon lapriyè se yon dezantoksikasyon espirityèl, ki retire kras mond lan ak egize lespriw. Lapriyè pa sèlman kominikasyon, men se yon konsantrasyon dife. Ou gen pouvwa pouw jete nenpòt chay oswa peche kap eseye anvayiw.

Menm jan Jezi te priye chak jou, fikse lè pou lapriyè pandan tout jounen an kenbe dife sou lotèl ou a limen. Dife sa soutniw epi li baw lonjevite. Lèw plen ak dife, pa gen okenn pwoblèm ki ka marew! Alelouya!

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen lib anba opresyon espirityèl. Paske mwen pote dife Bondye a, pa gen okenn move lespri ki ka abite nan espas mwen! Chak maten, mwen aliyen lavim moso pa moso sou lotèl la. Dife ki nan mwen an pral depase tout atak; pa gen okenn mal ki ka boulem paske mwen plen dife! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Mark 1:35

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Wa 8:16-10:24

www.goodnewsdailydevotional.com



Lendi, 21 Avril

TOKSIKOLOJI ESPIRITYÈL

Efèz 4:31-32 (NKJV)

Kite tout amètim, kòlè, iritasyon, rèl, ak move pawòl yo disparèt nan ou, ak tout mechanste. Se pou youn ak lòt aji byen, ak konpasyon, padone youn lòt, menm jan Bondye te padonew nan Kris.

Nan syans toksikoloji, ki se etid sou pwazon avèk efè yo, pifò pwazon degrade oswa pèdi efikasite yo lè tan ap pase. Men, toksikoloji espirityèl montre nou yon reyalyite diferan. Kontrèman ak pwazon natirèl yo, refize padone vin pi toksik oswa yon pwazon pi vyolan lè tan ap pase. Bib la fè referans ak sa kòm pwazon amètim.

Amètim rive lè mank padon gradye. Li avili lespri a. Se poutèt sa mwen souvan di ke refize padone se tankou bwè pwazon epi espere ke lòt moun nan ap mouri. Amètim twoublew an premye, answit tout lòt moun ki bò kotew. Jan Bib la di a, amètim avili anpil moun.

Solisyon an? Bay ofans yo vag pi vit ke posib. Sa pa gen anyen pou wè ak si moun ki te koze ofans lan eskizel oswa chanje konpòtman li yo. Bondye kòmande nou poun padone. Se yon desizyon ou pran pou onore Bondye. Ou fèt nan resanblans li, epi Li padone gratis—kidonk ale epi fè menm jan an.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Nan Non Jezi, mwen lage tout prizonye mwen te kenbe an otaj nan refize padone. Mwen lage tout ofans epi retire tout amètim, kòlè, ak mank padon. Lespri mwen pap avili. Mwen chwazi padone. Mwen pa nan esklavaj amètim ankò! Alelouya!

ETID KONPLEMANTÈ

Ebre 12:15

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Wa 10:25-14:10

www.goodnewsdailydevotional.com



Madi, 22 Avril

KONTWÒL MANJE

Pwovèb 23:2 (ESV)

Epi mete yon kouto anba gòj ou siw genyen bon apeti.

Imajine wap mache nan yon kanaval manje kote chak friyandiz te fèt pou detounen sèvw. Se esansyèlman sa endistri alimentè modèn lan tounen. Syantifik ak fabrikan pwodui alimentè yo te pase plizyè dizèn lane nan prepare pwodui ki touche gouv “pou fè kèw kontan”-konbinezon pafè ant sèl, sik, ak grès ki fèw toujou tounen pouw jwenn plis. Manje ki transfòme aleksè sa yo deklanche liberasyon pwodui chimik ki bon tankou dopamin ak opyoyid yo nan sèvw, sa ki kreye yon sik anvi ak rekonpans ki difisil pou kraze.

Plis pase 1,000 etid konekte manje ki transfòme aleksè ak efè negatif yo genyen sou lasante. Li klè ke kanaval manje sa se pa sèlman plezi ak jwèt, se yon sistèm trikaj kap kreye yon nasyon plen moun adikte ak manje, a chak bouche yo pran youn aprè lòt.

Chak espri ka temwaye ke manje se yon distraksyon nan wayòm lespri a. Poutan, anpil moun sakrifye pouvwa espiryèl sou lotèl pwochen repa yo, souvan yo lage yo nan anvi ki pa bon pou lasante, ki ajoute eksè pwa ki nosif fizikman ak espiryèlman. Se pa paskew ka manje yon bagay ki vle dil benefisyew. Aji ak sajès ak disiplin, chwazi bagay ki ranfòse alafwa kòw ak lespriw.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen kapte gras jeyan yo pou egzèsè kontwòl sou apetim. Manje pap janm kontwolem. Anvi malsen oswa distraksyon yo plase anba otoritem. Ane sa, zidòl manje yo elimine. Jem louvri; Mwen pap janm sibi deseasyon ankò!

ETID KONPLEMANTE

1 Korint 6:12

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Wa 14:11-17:18

www.goodnewsdailydevotional.com



Mèkredi, 23 Avril

MWEN GEN JE SÈLMAN POU OU

Chante Salomon 6:3 (NCB)

Mwen se pou Byenme mwen an, e Byenme mwen an se pou mwen.

Èskew sonje premye lanmouw? Toubiyon emosyon sa potew ak transpòtew nan yon mond kote tout bagay parèt ap vibre epi vivan. Se yon boufe kè kontan ki met papiyon nan vant ou, fè kèw ap bat vit a chak kontak, ak pwomès nan posiblite enfini ki nan chak souri. Se kalite entimite ke Bondye vle genyen tout bon avèk ou. Epi li posib.

Kilti jodiya anbrase yon “mantalite enklizif” ki souvan ranplase monogami pa imoralite ak pèvèsyon. Yo abandone koneksyon espiyityèl ak emosyonèl ki pi pwofon pou relasyon sipèfisyèl yon sèl nwit ki make pa egoyis olye ke yo bay vrè lanmou ki dezenterese.

Ou ka devlope yon relasyon pwofon, pèsone ak Kreyatè linivè a. Se sa entimite ak Bondye a ye. Kòmanse pa mete tan sou kote pou sa. Pale klè ak Li, pataje ak Li lajwaw, enkyetid, ak rèv ou yo—epi sonje pouw tandè. Ekspriye lanmouw atravè adorasyon ak obeyisans. Pandan wap fè sa, wap vin pi pre, wap eksperimante prezans Li nan lòt bagay, epi wap dekouvri lajwa ineksplikab nan vrè entimite ak Kreyatèw la.

DEKLARASYON PWOFETIK

Kè mwen pale. Mwen retounen nan premye Lanmou mwen an, mwen pouswiv yon relasyon pwofon, entim ak Bondye. Jodiya ak chak jou, mwen dedye tan poum pase ak Senyè a. Mwen se zafè Bondye, e Bondye se zafèm. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Revelasyon 2:4-5

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Wa 17:19-19:24

www.goodnewsdailydevotional.com



Jedi, 24 Avril

TESTE AK DIFE

Ròm 12:11 (VOICE)

Se pou lespriw an dife, bouyi fè bouyon, pandan wap sèvi Seyè a.

Dife se yon fòs enplakab ki teste tout bagay li manyen, ki revele vrè nati materyèl yo. Metal yo fòje ak ranfòse nan dife, men lè dife danse sou bwa, li transfòme an sann, yon prèv de vilnerabilite li. Dife pa sèlman konsime, men tou li boule salte (tout bagay ki fo), li kite dèyè sa ki pa kontamine. Ou pa ka twonpe dife.

Yon lavi san dife rann yon moun sansib ak fo ansèyman e desepsyon espirityèl. Pami moun ki pi vilnerab yo ou jwenn kretyen ki tyèd yo, sila yo ki gen aparans fidèl men ki manke pouvwa espirityèl. Dife bay chalè, men li pa janm cho; se swa lap boule cho oswa li pa egziste.

Bondye vle ke pèp Li a se veso pou dife, pa jis yon kwayan ki gen bèl aparans san konsistans. Lèw plen dife, pèsonn pa ka twonpew. Kite lespriw an dife chak jou. Ogmante difew atravè lapriyè. Ale pi wo ke Krisyanis supèrfisyèl vè yon lavi ki plen ak pouvwa ak dife, epi chak desepsyon pral boule an sann!

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen dekrete ak deklare mwen pap yon founo san dife. Pandan map mete lavim an dife chak jou atravè lapriyè, tout manti yo ap netwaye. Lavim pral boule ak pouvwa Bondye a, evidan pou tout moun bò kotem, nan Non Jezi ki gen tout pouvwa!

ETID KONPLEMANTÈ

Matye 24:24

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Wa 19:25-23:9

www.goodnewsdailydevotional.com



Vandredi, 25 Avril

TRAVAY ENTÈLIJAN

Pwovèb 12:24 (ERV)

[Dilijan] pral gen responsablite jere lòt yo, men moun ki parese yo pral gen pou travay tankou esklav.

Bib la pentire yon foto byen vivan de enmi sounwa yo rele parès la. Okòmansman, li ka sanble bon pou peze bouton kabicha oswa depoze responsablitew yo, men anvanw reyalizel, ou gentan pran nan yon sik “yon ti dòmi, yon ti kabicha” ki mennen nan povrete, ki fonsse sou ou “tankou yon vòlè.”

Parès kite yon moun esklav dèt, fristrasyon, ak echèk. Rèv ak potansyèl yo fennen, epi toudenkou, yo jwenn tèt yo bloke nan yon lavi yo pa janm swete. Mesaj la klè: parès se yon chemen pou esklavaj.

Povrete alèji ak travay di, e pa travay “di”, mwen vle di travay entelijan. Travay di souvan mennen nan fatig san li pa nesèsèman reyalize meyè rezilta yo. Yon lòt kote, travay entelijan enplike itilize bon zouti ak estrateji yo pouw akonpli travay ki pi efikas e ki bay plis rezilta yo. Travay entelijan mete aksan sou planifikasyon, priorite, ak ogmante resous, ki pèmèt ou reyalize plis ak mwens efò. Travay ak entelijans epiw pral mennen ane sa!

DEKLARASYON PWOFEK

Mwen refize mouri razè! Mwen rejte lespri parès epi mwen chwazi travay entelijan. Pandan map priye, estratejim yo sot nan Bondye. Ak Sajès Li, mwen planifye, priorize, ak ogmante resous yo avèk efikasite. Dèt yo anile! Povrete kouri pou mwen, e mwen leve pou dirije nan siksè ak abondans nan tout sa mwen antreprann! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Pwovèb 24:33-34

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Wa 23:10-25; 1 Istwa 1:1-16

www.goodnewsdailydevotional.com



Samdi, 26 Avril

PRIYORIZE PRIYORITE YO

Filip 3:8 (CEV)

Pa gen anyen ki osi bèl ke konnen Kris Jezi, Seyè mwen an. Mwen te abandone tout lòt bagay epim gade yo tout kòm fatra. Tout sam vle se Kris.

Yo te rakontem istwa ki jan Bondye te gen yon randevou ak Jesse Duplantis, Apot Lajwa. Li te byen ta lanwit, anviwon 3 zè nan maten, lè Bondye te antre nan chanm Jesse epi Li rele l: “Jesse, reveye!” Jesse te louvri jel, li te toujou mwaye nan dòmi, e ak karakteristik blagè li, li te reponn, “Bondye, map dòmi. Poukisaw pat vini a 10 zè?” Bondye reponn: “Paskew te twò okipe ap gade yon fim.”

Imajine sa! Bondye te planifye vizite Jesse pi bonè nan sware a, men bri ak distraksyon televizyon an te retade rankont li a. Echanj senp men pwofon sa raple nou jan li fasil pou rate moman diven yo lè atansyon nou konsime nan amizman mond lan. Se yon apèl pou nou tout poun fè plas pou Bondye e pou nou bay prezans li priyorite sou distraksyon yo ki ap goumen pou tan ak konsantrasyon nou.

Nan ane sa mwen pral sansib ak Bondye e fè plas pou prezans Li. Lapriyè pral sensibilizew ak mesaj Li yo avèk tan Li. Menm jan nou priyorize bagay enpòtan yo nan lavi nou, angajman nou pou chèche Bondye dwe pase avan.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen pale disiplin espiyèl sou lavi mwen. Mwen dekrete e deklare mwen pa pral rate randevoum ak Bondye ane sa, nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Kolòs 3:2

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Istwa 1:17-3:9

www.goodnewsdailydevotional.com



Dimanch, 27 Avril

PA ANCHENAB

Mak 5:3 (MSG)

...Pèsonn pat kapab metrize—yo pat ka marel nan chenn, yo pat ka mare li...

Atravè listwa, chenn yo te zouti opresyon ak kontwòl pou mete restriksyon sou libète ak mouvman moun. Esklav yo te gen cheviy yo mare ak chenn an fè lou, bri metal yo te yon mizik konstan pou libète yo kite vòlè. Menm jodiya, prizon yo sèvi ak kontrent tankou menòt pou limite mouvman prizonye yo a sèlman kèk pous. Chenn modèn sa yo sèvi menm objektif fondamantal la: rann yon moun san fòs.

Nan Mak 5, nou li sou yon nonm ki te posede ak demon. Bib la di: “Pèsonn pat ka kenbel, yo pat ka metrize, ni yo pat ka marel.” Si demon anndanl te kapab bal yon fòs si ekstrawòdinè, imajine pouvwa ou genyen ak Jezi, kap viv anndanw!

Leve nan fòs Sovè la! Moun ki Wen an ap viv nan ou. Ou pa san fòs. Okenn demon pa ka marew; oswa metrize. Mwen dekrete e deklare antanke yon Pwofèt, tout jouk opresyon yo kase nan laviw! Mwen demante alyans satanic yo lyen pa lyen!

DEKLARASYON PWOFEK

Mwen dekrete e deklare mwen kapab fè tout bagay gras ak Moun ki Wen an e ak onksyon Li ki fòtifyem. Tout jouk kase! Okenn sistèm pa limite mouvman mwen. Mwen pral vwayaje ane sa. Okenn enflayans demonyak pap kenbe biznis mwen, relasyon, ministè, oswa lajanm prizonye nan Non Jezi ki gen tout pouvwa! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Ezayi 10:27

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Istwa 3:10-6:30

www.goodnewsdailydevotional.com



Lendi, 28 Avril

REYAKSYON DOMINO

Ebre 13:4 (PHILLIPS)

Tou de maryaj onorab ak chastete ta dwe respekte pa nou tout. Bondye Limenm ap jije moun kap trafike kò lòt moun oswa ki souye lyen maryaj la...

Maryaj souvan jwenn move rapò, ak kèk moun ki wè li kòm yon “boul ak chèn,” ki panse maryaj se plis prizon ke patenarya. Sepandan, kontrèman ak estereyotip fatige sa, rechèch aktyèlman montre ke gason marye yo pi kontan e viv pi lontan. Kiryezman, menm bagay la pa toujou vrè pou fanm yo. Youn nan eksplikasyon yo ka nan entèvansyon senp ak syantifik sa: bo a sis segonn.

Yon bo ka ranfòse lyen ki genyen nan yon koup marye, li transmèt santiman ke mo yo pafwa paka eksprime. Bo gen enplikasyon biyolojik tou. Lè yon koup bo, sèvo yo relache pwodui chimik tankou oksitosin (“òmòn lanmou an”), dopamin (ki asosye ak plezi), ak serotonin (ki afekte imè). Pwodui chimik sa yo ka amelyore santiman atachman ak kontantman yo.

Pandan ke sa ka sonnen tankou relasyon tradisyonèl, yon brèf, bo entansyonèl ka potansyèlman transfòme sa yo wè kòm “boul ak chèn” nan yon koneksyon otantik. Donk, olye de fè blag sou “pieje,” investi nan yon bo sis segonn siyifikatif pou mari oswa madanm ou jodiya. Li kapab diferans ki genyen ant santiw fèmèn ak santiw konekte.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen dekrete e deklare maryaj mwen se yon benediksyon, e non yon fado. Mwen onore mari oswa madanm mwen, e favè Bondye chita sou maryaj mwen. Mwen pale lajwa, lapè, ak afeksyon otantik sou maryaj mwen nan Non Jezi. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

1 Korint 7:3

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Istwa 6:31-8:28

www.goodnewsdailydevotional.com



Madi, 29 Avril

LAFWA INEBRANLAB

Jeremi 20:9 (NKJV)

Lè sa, mwen di: “Mwen pap pale sou Li ankò, mwen pap pale nan non Li ankò.” Men, pawòl Li te nan kèman tankou yon dife kap boule, femen nan zo m. Mwen te bouke kenbel, E mwen pat kapab.

Pa gras Bondye, ministè nou an grandi depase 3.2 milyon manm, men li pat kòmanse nan nivo sa. Te gen lit, defi, ak moman kote lafwa te tout sa nou te genyen. Men, se te yon lafwa ki pat tranble, yon lafwa ki di: ‘Mwen konnen Bondye mwen an pap echwem!’

Jeremi te konnen doulè desepsyon, li te santil te twonpe pa pwomès Bondye yo. Men, li te pote yon dife ki tap fèl avanse. Lè tout moun bò kotew pasew nan betiz oswa mal konprann ou, oswa lè pwòp fanmiw opozew, se dife Bondye ki soutniw. Menm lè paranw, frè ak sèw, oswa zanmi ki pi pwòch ou yo sanble vire kont ou, lafwaw dwe rete fèm.

Lafwa inebnanlab se pa jis gen pouvwa pouw fè mirak; se pito pouvwa pouw ret kanpe, andire, ak akwochew lè tout bagay sanble tèt anba. Kontinye deklare pwomès Bondye yo, malgre sikonstans yo. Mwen lage lafwa inebnanlab sou ou ki pral kenbew kanpe djanm kèlkeswa sa ki vini sou wout ou ane sa!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen dekrete e deklare, mwen gen lafwa inebnanlab. Mwen pap janm deplase oswa pèdi batay. Tanpèt ak opozisyon ka vini, men map ret kanpe. Lafwa mwen andire, simonte, epi wè pwomès Bondye yo akonpli nan lavi mwen. Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Jak 1:2

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Istwa 8:29-11:21

www.goodnewsdailydevotional.com



Mèkredi, 30 Avril

YON DESIZYON INANIM

Egzòd 23:22 (NIRV)

Koute byen sa Li di. Fè tout sam di. Lè sa, mwen pral yon lènmi pou lènmi ou yo. M'ap goumen ak moun k'ap goumen ak ou yo.

Lane pase, nan yon match boks tout moun tap tann, Jake Paul sistematikman demonte repitasyon lejand Mike Tyson, chanpyon pwa lou enkonteste. Tyson, ki te konn fè kè opozanl yo frape ak laperèz kòm boksè ki pi entimidan sou planèt la, ta pral pèdi. Desizyon inanim lan te make defèt Tyson kòm yon ekriti anmè nan parad li tap fè pi bonè. Menm jan tou, nenpòt enmi ki te defyew pral fè fas byento ak pwòp jou jijman yo.

Pi gwo erè ènmiw ka fè se panse ke yo pase. Paske Bondye ka retade vanjans Li, yo ka panse ke yo chape. Men, Bondye gen pwòp balans jistis Li. Menm jan lapli vide sot nan nyaj yo lè yo plen, Bondye pral sètènman fè lapli jijman tonbe sou enmiw yo. Bondye gen tout tan nan mond lan pou enstale pyèj Li yo, epi Li pa ka pèdi.

Bondye pa gen enmi; Li byen twò gwo pou sa! Men, Li pwomèt nan Pawòl Li ke enmiw yo vin enmi Li. Pa gaspiye enèjiw sou opozan yo. Bondye ap goumen pou ou, epi rezilta pral inanim: ou genyen!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Enmim yo se enmi Bondye; advèsèm yo se advèsè Bondye, paske Bondye avèk mwen. Ak Bondye, mwen pral gen dènye mo a, epi desizyon an pral inanim: mwen genyen! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

1 Samyèl 2:1

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Istwa 11:22-15:29

www.goodnewsdailydevotional.com



Jedi, 1 Me

FÒMASYON NAN LAPRIYÈ

Jenèz 1:2 (KJV)

.... Epi Lespri Bondye a tap deplase sou sifas dlo a.

Yon manman poul chita sou ze li yo pou kouve yo jiskaske yo kale. Pandan peryòd sa, li trè agresif pou defann ak pwoteje ze sa yo. Anndan ze a, jònze a devlope an yon ti poul pare pou kale nan tan apwopriye.

Menm jan tou, lèw antre nan chanm lapriyèw, ou antre nan yon peryòd kouvezon pou devlopmanw. Se poutèt sa mwen toujou di lapriyè se pa pou enfòm Bondye, men se pou fòmasyonw. Se yon tan delika kote wap fòm pandan wap fè zanmi ak Sentespri, epi lèw gen matirite, ou jwenn nòt viktwa sa epiw sòti nan sityasyon sa ou te twouvew la! Pa prese soti anvan Li fini ak ou. Kite Li reflechi sou zafèw la.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Pandan map fè bak nan klozèt lapriyè mwen an, lavim ap transfòmè, epi mwen sòti viktorye nan tout sikonstans nan non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Ròm 12:2

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Istwa 16:1-19:9

www.goodnewsdailydevotional.com



Vandredi, 2 Me

ANBASADÈ SYÈL YO

2 Korint 5:20 (NIV)

Se poutèt sa, nou se anbasadè Kris la, tankou si Bondye tap fè apèl li a atravè nou. Nou sipliyew nan non Kris la: Rekonsilye ak Bondye.

Revelasyon se pa enfòmasyon ou konnen, men se enfòmasyon ou itilize. Jodiya, kite Revelasyon pasaj ekriti sa vin yon reyalite nan laviw. Ou wè, ekriti sa se pa sèlman sou oumenm ki reprezante Syèl la sou latè, men nan moman ou te resevwa Kris, ou te vin tounen yon pitit Bondye, yon eritye ansanm ak Kris, ou te vin pi plis pase yon moun men yon enkanasyon Syèl la!

Sa vle di lè wap mache, Syèl la ap mache. Lèw pale, se Syèl la ki pale! Ou pa opere ankò dapre prensip yo nan mond sa, ni ou pa depann de ekonomi li. Reveye ak reyalite sa epi kòmanse pwofite de privilèj ou genyen yo kòm Anbasadè Syèl la. Lakay ou, mank pa gen plas, maladi pa gen plas, enkyetid pa gen plas. Siw ta jwenn tèt ou nan bezwen, retire kòw nan syèl la kotew soti epiw va wè syèl la manifeste nan wayòm sa!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen se yon Anbasadè Syèl la, mwen se enkanasyon Syèl la sou latè epi mwen opere dapre prensip Syèl la nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

1 Piè 4:11

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Istwa 19:10-23:11

www.goodnewsdailydevotional.com



Samdi, 3 Me

GERIZON SE FASIL

Matye 15:26 (KJV)

Men, li reponn li: “Li pa bon pou nou pran pen timoun yo pou nou jetel bay chen.”

Nan pasaj ekriti anlè a, Senyè Jezi konpare gerizon ak pen aprè fanm Kanaran te sipliye pou delivrans pitit fi li a. Li te konsidere gerizon kòm pen timoun yo, yon manje debaz pou timoun yo.

Nan Spirit Embassy, kounye a nou te envante deklarasyon, “gerizon se fasil”, paske jou apre jou, pandan ke moun ap vin nan sèvis nou yo, tout kalite maladi enkirab yo ap geri nan Non Jezi! VIH, kansè, je avèg, zòrèy soud, vant esteril ak tout kalite maladi ap geri.

Kidonk, antanke pitit Bondye, ou pa gen anyen pou wè maladi. Resewwa gerizonw jodiya nan non Jezi! Rilaks epi kwè sakrifis Bondye ke Li fè deja. Li te peye tout pri delivrans nou an.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Gras ak soufrans Li yo, mwen te geri! Depi koulye a, mwen viv nan sante diven. Mwen pap janm malad yon lòt jou nan lavim nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

1 Piè 2:24

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Istwa 23:12-26:19

www.goodnewsdailydevotional.com



Dimanch, 4 Me

RELVE KONT AN BANK BONDYE

2 Piè 1:3 (KJV)

Selon ke pouvwa diven li an te ban nou tout bagay ki gen rapò ak lavi ak Bondye, atravè konesans moun ki te rele nou nan glwa ak diyite.

Lè Bondye te kreye syèl la ak tè a, Li te asire ke Li te mete tout bagay an plas anvan li te vini ak Adan. Aprè chit lòm nan, Senyè ak Sovè nou an, Jezikri, te vini pou retabli nou nan ansyen eta laglwa ak kominyon absoli ak Bondye, kote pat gen okenn mank, okenn maladi.

Koulye a, sa byen rezime bagay yo, men reyalyte a rete. Nan Kris, nou gen tout sa nou bezwen ki gen rapò ak lavi sa. Menm lavi natirèl Seyè Jezi nou an, te bay egzanp yon lavi ekstravagan lè Li te itilize mwayen transpò ki te chè anpil pou epòk sa, Li te mete rad dizaynè, ke sòlda women yo te vle genyen, e li te gen ase lajan poul te bay manje ak yon foul moun ki te gen plis pase 5000 gason... lis la san fen!

Sa se eritaj Li te kite pou ou a. Kèlkeswa saw bezwen, ekri Jezi, epi wap genyen li!

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen beni ak tout bagay mwen bezwen nan lavi sa, mwen gen li a dispozisyon mwen nan non Jezi!

ETID KONPLEMANTÈ

Jan 10:10

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Istwa 26:20-29:19

www.goodnewsdailydevotional.com



Lendi, 5 Me

PAWÒL BONDYE AN MOUVMAN

2 Korint 3:2 (KJV)

Ou se lèt nou ekri nan kè nou, tout moun konnen epi li.

Èskew te fè atansyon ak im GoodNews World la? Remake pati nan kote li di : Nou gen manda... nou se Pawòl Bondye an mouvman, siy ak mèvèy yo.

Ekriti a anwo a di nou se lèt ki ekri, nou se Pawòl Bondye an mouvman. Kèlkeswa kotew ale, wap preche Pawòl la menm anvan ou louvri bouch ou. Ou se limyè ki klere nan fènwa; ou se yon siy ak yon mèvèy. Lèw parèt, Jezi parèt!

Ki donk, jodiya, egeye jounen yon moun. Fè tèt ou ekla lespwa sa. Leve yon moun atravè Pawòl ou pote a. Kite mond lan santi lanmou Bondye atravè ou. Lanmou Bondye te deja simaye nan kèw. Pandan wap fè sa, wap fè eksperyans pwogrè nan pwòp laviw.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen se yon enkanasyon Pawòl la. Mwen pote lespwa, lapè ak lanmou kèlkeswa kotem ale. Mwen se Pawòl Bondye an mouvman nan Non Jezi! Alelouya!

ETID KONPLEMANTÈ

Ebre 10:16; Ròm 10:15

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Istwa 29:20-30; 2 Istwa 1:1-4:10

www.goodnewsdailydevotional.com



Madi, 6 Me

SEMANS ENKÒRIPTIB LA

1 Pyè 1:23 (KJV)

Lè w fèt yon lòt fwa, pa a pati de yon semans kòriptib, men a pati yon semans enkòriptib, gras a Pawòl Bondye a, ki vivan epi kap rete pou toutan.

Lè ou te resevwa Kris la, vrè oumenm nan, lespri ou, te fèt anwo a pati de semans (sperma) enkòriptib Bondye a nan letènite. ADN ou pote a PAKA kowonpi. Li enpòtan pou konstwi konpreyansyon ou nan reyalite sa a. Lè ou byen sènen li, ou pap janm malad yon lòt fwa nan lavi ou sou tout wout letènite a. Alelouya!

Pa gen okenn fason pou kansè, Sida oswa nenpòt maladi vin koripi semans Bondye a. Men, li pran yon revèy nan reyalite, ke okenn maladi pa gen dwa egziste nan menm kò kote vrè oumenm, moun lespri a, abite a. Sali ou resevwa a restore w nan yon dimansyon kote anyen pa manke, anyen pa kase; Kòmanse kòmande kò ou pou I aliye I avèk reyalite lespri ou.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen fèt avèk semans enkòriptib Bondye a. Mwen bani tout maladi nan kò mwen. Pa gen anyen ki manke ni anyen ki kase nan lavi mwen, nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

2 Korint 5:17

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Istwa 4:11-7:22

www.goodnewsdailydevotional.com



Mèkredi, 7 Me

YON LAVI SIPERYÈ

Eklezyas 10:7 (KJV)

Mwen wè domestik sou chwal, epi prens kap mache tankou a pye sèvitè.

Èske w ka imajine, antanke paran, wap gade pitit ou kap viv yon vi mandyan, alòske ou te ba yo plis ke sa yo te bezwen pou yo pwospere ki te sipoze soumèt anba otorite pitit ou a?

Koulye a, imajine doulè Bondye genyen lè lap gade pitit li yo kap soufri epi kap mande l yon alemye nan difikilite lavi a. Poutan, li ba yo tout sa yo bezwen an abondans. Se pou jodi a se jou istwa sa a chanje nan lavi w pandan wap reveye jeyan ki nan ou a epi w ap reklame sa ki jis pou ou a. Monte nan lavi pwosperite ki siperyè a epi domine nan Non Jezi.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen vini sou latè pou m viv yon lavi abondans, mank pa pou mwen. Liy yo tonbe pou mwen nan kote ki bèl, epi mwen gen yon bon eritaj nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Oze 4:6

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Istwa 8:1-11:12

www.goodnewsdailydevotional.com



Jedi, 8 Me

DEKLARASYON DIFE

Matye 3:11 (KJV)

...L'ap batize nou ak Sentespri a ak dife.

Batèm Jan an te fèt nan dlo pou repantans, men batèm Senyè Jezi a te fèt nan Sentespri ak dife. Ou sele ak Lespri a ak yon pisans dife, Ou gen pouvwa plis ke ase pou kraze nenpòt obstak ki ka kanpe nan wout ou.

Ou wè, lè w pale, se pa pawòl ou ye ki pouvwa a, men yo se vesò ki pote pouvwa. Pouvwa sa a soti kote ki nan lapriyè, yon kote ki nan meditasyon. Menm jan ou ta wè Senyè Jezi kap vini soti nan mòn lan epi li kòmande demon yo pou yo kouri, depi jodi a, pandan wap kontinye priye, pran konsyans de pawòl ou, paske pawòl ou yo ap pote pouvwa pou fè chanjman nan tout sitiyasyon. Vizyalize li, menm lè wap priye an lang, epi wè pwoblèm sa a kap disparèt pandan lap boule.

Menm mennen nanma Kris vin fasil lè pawòl ou yo asezonnen ak dife, pawòl ou yo pral bay yon konviksyon solid ki pral vire kè ak lespri pou yo vin jwenn Senyè Jezikri.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen se yon oratè en dife. Pawòl mwen yo chaje ak pouvwa. Chak fwa mwen di pawòl, kè moun yo touche, malad yo geri, epi mirak fèt, nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Ròm 1:16

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Istwa 11:13-15:19

www.goodnewsdailydevotional.com



Vandredi, 9 Me

MIZERIKÒD BONDYE

Plenn 3:22-23 (KJV)

Se gras ak mizèrikòd Senyè a ki fè nou pa disparèt, paske konpasyon l yo pa manke. Yo renouvle chak maten, Fidelite ou gran!

Lanmou Bondye pou nou vrèman san kondisyon e li pa gen limit; Menm lè nou te toujou pechè, Kris te mouri pou nou tout. Kèlkeswa pansè kontrè, kwayans ak tradisyon, li toujou renmen nou e lap tann nou tounen vin jwenn li avèk pasyans. Menm apre nou tounen vin jwenn li, mizèrikòd li yo renouvle chak maten, pou l padone enpèfeksyon nou yo.

Li enpòtan anpil pou nou pran konsyans de lanmou Bondye gen pou nou. Pran konsyans de posiblite renouvèlman ke nou genyen chak jou. Sa a se pa yon lisans pou nou viv nan peche, men kòm ou gen plis konsyans de li, wap tou kòmanse mache nan menm Lespri lanmou an. Reziste lènmi an paske li ka fè ou rete nan dimansyon konsyans peche epi mennen w nan kondanasyon pwòp tèt ou.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen se plim je Bondye a; pa gen anyen ki ka separe m ak lanmou li. Mwen viv yon lavi kote mwen konsyan de benediksyon mwen nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Ròm 8:35-39

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Istwa 16:1-20:13

www.goodnewsdailydevotional.com



Samdi, 10 Me

ZAM DE CHWA BONDYÈ

Jeremi 51:20 (KJV)

Ou se rach konba ak zam de gè mwen, paske se avè ou map kraze nasyon yo, avè w map detwi wayòm.

Imajine sa. Bondye rive nan depo zam li a pou l pran yon zam pou l sèvi sou yon chan batay la, epi li chwazi OU kòm zam li! Si se gerizon Li vle pote bay yon moun, oswa Bon Nouvèl la li bezwen delivre, oswa si se finans li bezwen kanalize pou biznis Wayòm nan, se ou menm ke li pran. Ou se moun Bondye rele pou fè volonte li.

Sa ta dwe fè w konprann ke ou pa yon moun òdinè! Ou se yon nouvo selebrite nan Kris la (2 Korint 5:17), ke dyab la ak tout kòwòt li yo pa abitye avè l. Jodi a, pandan wap fè biznis ou, fè li tankou yon misil a chalè kap tire pou elimine tout obstak ki anpeche pwogrè w, ki anpeche distribisyon bòn nouvèl sa a.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen se zam de chwa Bondye a. Kèlkeswa kote mwen deplwaye, mwen bay rezilta epi mwen pote biten de lagè a nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Pwovèb 10:22

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Istwa 20:14-24:14

www.goodnewsdailydevotional.com



Dimanch, 11 Me

REJWI, FÈ KÈW KONTAN

Matye 7:24-27 (KJV)

Sa a se jou Seyè a te fè; Nou pral kontan e kontan nan nan jou sa ...

Gwo deklarasyon sa a ta dwe premye mo ki soti nan bouch ou chak jou pandan wap kòmande jounen w. Sa ki ka rive sou chemen w, bob bagay oswa move bagay pa enpòtan, ou déjà pran desizyon ke wap kontan nan jounen an lè w rekonèt se yon kado Bondye bay.

Pa reflechi sou sa ki mal nan lavi w. Se poutèt sa Bib la di, pa enkyete w pou anyen, men nan tout bagay, di Bondye mès, epi lapè l ap kenbe kè ou. Se konsa, lè ou rankontre kèk boulvèsman nan lavi a, rejwi, fè kè ou kontan, mete dyab la nan kouri, epi pran anpil plezi pandan wap viv sikonstans sa, konnen ke tout bagay yo ap travay ansanm pou byen ou! Pandan kè w kontan, wap vin pi fò, paske Bib la di tou ke lajwa Senyè a se fòs nou. Donk, li enpòtan anpil pou nou rete nan lajwa; se yon sous pouvwa!

DEKLARASYON PWOFEK

Lajwa Seyè a se fòs mwen. Mwen pap janm soumèt mwen anba okenn sikonstans, paske mwen gen fòs pou m domine nan non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Filip 4:4

365 JOUR DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Istwa 24:15-28:27

www.goodnewsdailydevotional.com



Lendi, 12 Me

ENKIBATÈ A

Travay 12:5 (KJV)

Se poutèt sa, yo te kenbe Pyè nan prizon, men legliz la te lapriyè Bondye pou li san rete.

Èske w te janm wè yon manman poul etann li sou ze li yo, vire ak anpil atansyon epi asire l ke yo gen bon jan tanperati kèlkeswa kondisyon tan ki bò kote l la? Li se tankou yon lazè ki konsantre pou asire l ke bon jan kondisyon kreye pou ze yo kale nan bon moman an.

Isit la, nou wè legliz la rantre nan yon mòd enkibasyon, li tap lapriyè san rete pou Apot Pyè. Yo te kontinye lapriyè jiskaske Senyè a te voye yon zanj pou al met Pyè deyò prizon an. Pafwa, ou bezwen rantre nan yon mòd enkibasyon pandan wap kanalize rezilta ou vle a pa rapò a yon pwoblèm jiskaske ou jwenn nòt viktwa sa a nan lespri w!

Reyalize jodi a pouvwa ou genyen nan lapriyè epi kòmanse itilize li kòm sadwa pou pote chanjman nan lavi ou ak nan lavi lòt moun. Pase bon kalite tan nan lapriyè, menm jan ak Eli ki te mete tèt li nan mitan jenou l jiskaske li te jwenn rezilta li te vle a.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen egzèse kapasite Bondye ban mwen an pou fè manifeste dezi kè m nan lapriyè nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

1 Wa 18:42-45

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Istwa 29-31

www.goodnewsdailydevotional.com



Madi, 13 Me

FLAKON AN LÒ A

Revelasyon 5:8 (KJV)

Epi lè li fin pran liv la, kat bèt ak vennkat vyeya yo tonbe ajenou devan ti Mouton an, yo chak te gen gita ak gode an lò ki plen odè, ki te lapriyè sen yo.

Lè w priye, priyè w yokolekte nan flakon an lò, ki prezante kòm yon bon pafen ki gen bon sant devan Bondye. Vizyalize li pandan wap priye, wè lapriyè la ki rive devan Bondye tankou yon bon pafen santi bon ki fè Bondye plezi. Lapriyè w yo fè Bondye plezi!

Lè sa a, pa gen okenn fason pou Bondye ta resevwa epi pran plezi nan lapriyè w la apre sa, poul kite w san yon rezolisyon. Bib la di ke sa a se konfyans ke nou genyen, ke lè nou priye, Bondye koute nou. Epi paske li tandè, demann nou yo akòde, alelouya! Kidonk, pandan wap priye, konnen ou kareman ap fè depo kap rasanble nan syèl la kòm yon pafen ki gen bon sant devan Bondye.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen se plim je Bondye. Tatwaj nan pla men l. Li menm konte cheve m epi li kolekte dlo nan je m. Mwen se vre moun pa Bondye nan non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Sòm 56:8

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Istwa 32:1-35:19

www.goodnewsdailydevotional.com



Mèkredi, 14 Me

VIV SELON PAWÒL BONDYÈ A

Ròm 1:17 (KJV)

Paske nan li, jistis Bondyè a te revele soti de lafwa a lafwa; jan sa ekri a: Moun jis yo ap viv pa lafwa.

Viv lavi w selon estanda pawòl Bondyè a, epi ou pap janm echwe. Menm lè lènmi an mete w nan yon kwen, w ap toujou jwenn yon fason pou chape. Jistis Bondyè a revele de lafwa a lafwa, sa vle di, yon moun bezwen ogmante lafwa l pou l atenn yon pi wo nivo jistis.

Menm im GoodNews World la afime ke nou se Pawòl Bondyè a ki an mouvman. Sa vle di tout kote ou ale, yap ka li pawòl la atravè oumenm. Ou kapab se premye rankont yon moun ak Pawòl ki pral mennen l a Kris la. Se konsa, asezonnen w epi pare pou gen enpak sou mond lan ak transfòmè lavi ou an menm tan. Plis ou gen eksperyans nan Pawòl la, se plis kapasite w pou tande ap vin devlope, sa pral bati pi gwo lafwa, ki mennen nan pi gwo mirak.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Lavi m ap transfòmè gras a konesans Kris la pandan map nourri m ak Pawòl la. Lafwa mwen ap monte nan pi gwo wotè ane sa a, epi mwen pral deplase obstak ak anpil fasilite nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Ròm 10:17

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 2 Istwa 35:20-36:23; Esdras 1-3

www.goodnewsdailydevotional.com



Jedi, 15 Me

BENEDIKSYON SENYÈ A

Pwovèb 10:22 (KJV)

Benediksyon Senyè a gen richès, li pa gen lapenn avè l.

Èske w tande sa? Benediksyon Senyè a fè ou rich san okenn kòd. Lè Bondye beni ou, ou beni tout bon. Remake ke li se yon sèl benediksyon ki gen tout sa ou bezwen nan lavi ladann. Li fòse ou vin rich. Kalite pwosperite san okenn estrès, ni doulè, ni soufrans. Sa a se kalite lavi Bondye vle pou ou genyen.

Li di, “Pa travay pou rich, sispann konte sou pwòp sajès ou” (Pwovèb 23:4). Konsantre sou benediksyon an. Antanke pitit Bondye, lavi ou dwe yon vi dabondans. Se konsa, reveye nan reyalite moun ou ye a kounye a ak sa ki te deside pou ou. Gen konsyans de benediksyon w epi pran avantaj sou pwomès Bondye a. Ou se yon moun rich nan Jezi, dekouvri richès ou. Pa kite ènmi an chichote okenn pawòl diferan nan zòrèy ou.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Benediksyon Senyè a chita sou mwen. Mwen twò beni pou mwen strese. Je m yo louvri pou dekouvri richès mwen nan Kris la. Richès san lapenn nan non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Matye 6:33

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Esdras 4-7

www.goodnewsdailydevotional.com



Vandredi, 16 Me

POUWVA NAN LAPRIYÈ

1 Korint 14:4 (KJV)

Moun ki pale yon lang enkoni ap edifye tèt li; men moun ki pwofetize yo edifye legliz la.

Gen pouwva ou ka vin genyen gras ak lapriyè. Apot Pòl te reyalize pouwva sa a pou l te di Bondye mèsi paske li te pale nan lang plis pase tout moun ki te la. Li te rekòlte benefis yo.

Jodi a, mwen vle ou reyalize pouwva ou genyen atravè lapriyè ak kijan pou kanalize l pou w wè manifestasyon priyè w yo. Lè w ap priye nan langaj enkoni, wap edifye tèt ou; tankou yon dèlko, ou jenere pouwva. Men, pouwva sa a dwe kanalize kote ki nesèsè pou l ka fè efè, menm jan yon dèlko dwe gen yon kab ki konekte l ak aparèy yo ki bezwen elektrisite. Menm jan an tou, pouwva ou jenere dwe kanalize nan bagay ou ap priye pou li a. Panse ou yo dwe konsantre sou li, epi ou dwe vizyalise ak wè repons lan. Pandan wap pale, pawòl ou yo se kontenè ki pote pouwva a nan bagay wap priye pou li a. Kontinye pouse jiskaske ou jwenn yon nòt laviktwal!

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen se yon jeneratè pouwva, e pawòl mwen yo se kontenan kap transpòte pouwva sa a nan sitiyasyon konplike sa. Li pral kalme l, nan non Jezi! Tout glwa pou Bondye.

ETID KONPLEMANTE

Jan 6:63

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Esdras 8-10; Neemi 1

www.goodnewsdailydevotional.com



Samdi, 17 Me

PRAN RESPONSABLITE W

1 Samyèl 17:46 (KJV)

Jòdi a, Seyè a pral livre ou ban mwen. Map tiye ou, map koupe tèt ou. Jòdi a, m'ap lage kadav lame moun Filistin bay zwazo ki nan syèl la ak bèt nan bwa. Konsa, tout tè a va konnen gen yon Bondye an Izrayèl.

lavi w epi lè li reyisi nan yon zòn, li pral kontinye al chèche retire yon lòt bagay osi lontan ou bal okazyon fè sa.

Golyat te pase lame pèp Izrayèl la nan betiz nan yon pwèn ke Sayil ak lame li a te pè e yo pat vle al batay kont li jiskaske yon jèn gadò mouton leve kanpe epi li pran kontwòl sityasyon an. Pandan w ap li nan ekriti ki anlè a, li te kòmanse deklare egzaktman sa l ta pral fè ak poukisa. Olye ke ou tonbe anba tanpèt yo nan lavi a, pran otorite w tankou David te fè epi ke se oumenm ki fè tout jenerasyon ou soti anba chenn.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen reprann kontwòl chak domèn nan lavi mwen kote dyab la te enfiltre, nan non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Mak 4:39

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Neemi 2-5

www.goodnewsdailydevotional.com



Dimanch, 18 Me

METE YON PREMYÒM SOU PAWÒL OU YO

Pwovèb 18:21 (KJV)

Lanmò ak lavi anba pouvwa lang lan: e moun ki renmen l ap manje fwi l.

Pawòl kap sot nan bouch nou gen anpil pouvwa, ni pozitif ni negatif, yo gen pouvwa nan pwen ke Bib la di nou ke lavi ak lanmò depann de lang lan. Se poutèt sa mete yon prim sou mo ou yo vrèman enpòtan. Antanke kretyen ki fèt yon dezyèm fwa, ou fèt pou w se yon wa ak yon prèt ... e menm pou w se yon dye! Jan Bib la di, “nou se bondye” (Sòm 82:6; Jan 10:34).

Bagay sa fè w vin pi danjere pase nenpòt moun ki pa kwayan paske, antanke wa, pawòl ou yo se dekrè ki vin lwa; antanke prèt, ou pale pou fanmi ou; antanke yon dye... pawòl ou yo gen yon kapasite kreyatif trè pisan ak kapasite destriktif trè mòtèl. Konsa, li vreman enpòtan pou mete yon prim sou mo ou yo, epi kreye mond ou vle viv ladan epi bati mond ozalantou w la.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Pawòl mwen yo pote twòp pouvwa; Mwen pale pwosperite nan lavi mwen, mwen pale sante nan lavi mwen, epi mwen anile nenpòt mo negatif ki pale kont mwen, nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Pwovèb 12:18 Jak 3:1-10

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Neemi 6:1-8:8

www.goodnewsdailydevotional.com



Lendi, 19 Me

FE BYEN E PA JANM SISPANN FÈ BYEN

Pwovèb 3:27 (KJV)

Pa refize fè sa ki byen pou moun ki merite sa, lè ou gen pouvwa pou fè sa.

Antanke kretyen, nou suiv egzanp pafè Jezikri, Seyè nou an, te kite pou nou. Pandan n ap gade fason li te kondui tèt li, nou wè li te toujou gen konpasyon pou l fè byen ak lòt moun. Menm lè li te konnen sa tap lakòz yo mal konprann li, li te fè sa kanmenm.

Jodi a, pandan w ap fè biznis ou, pa anpeche w vin yon benediksyon pou yon moun ou rankontre ki bezwen yon souri cho, yon bon pawòl, yon koutmen, kèlkeswa sa li ye. Toujou gen atitud pou se yon enstriman Bondye chwazi itilize pou touche lavi moun ki nan bezwen yokontinye montre lanmou epi pataje bòn nouvèl ak yon moun jodi a ki vreman bezwen tande li.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen se yon distribitè bon nouvèl, yon moun k ap fè bon zèv ke Bondye ka konte sou li paske mwen toujou kenbe fèm, nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Ebre 13:2

365 JOU DEFİ LEKTI LABİB

Lekti jodiya se: Neemi 8:9-11:21

www.goodnewsdailydevotional.com



Madi, 20 Me

KWÈ PWOSESIS EPI KENBE FÈM

1 Samyèl 19:1 (KJV)

Sayil pale ak Jonatan, pitit gason l' lan, avèk tout sèvitè l' yo tou, pou yo touye David.

Ou te fèt yon dezyèm fwa, ou te ranpli ak lespri w, ou te wen, e petèt ou te menm resevwa yon pawòl pwofetik, men jiskaprezan, bagay yo pa mache jan ou te espere a. e petèt menm bagay sanble pran pi move direksyon toujou.

Oke, abandone tout bagay nèt, gade nan lavi David. Se Bondye li menm ki te chwazi l e Samyèl, pi gwo pwofèt nan epòk li a te wen l avèk yon kòn lwil, men gade jan li te oblije kouri pou l sove lavi l tankou yon moun abandone, li t ap dòmi nan gwòt e li te menm aji tankou yon moun fou pou l degize tèt li.

Se konsa, ou ka ap konnen kèk moman ajite, lajan w toujou fini anvan mwa a fini. Kenbe fèm tande epi kontinye avanse. Gade ki jan sa te vire pou wa David, yon nonm Bondye te di ki te viv selon kè !! Ane sa a, bagay yo ap vire pou ou, nan non Jezi ki tou pwisan!

DEKLARASYON PWOFETIK

Konviksyon m totalman bati sou pawòl. Kèlkeswa sa ki vin nan chemen mwen an, map kenke fèm jiskaske mwen viktwa m deklare nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Ròm 8:28

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Neemi 11:22-13:22

www.goodnewsdailydevotional.com



Mèkredi, 21 Me

ANYEN PA MANCHE ANYEN PA KAZE

Jan 10:10 (KJV)

Vòlè a vini pou l vòlè, touye, ak detwi; mwen vi pou m bay lavi pou nou ka genyen l an abondans.

Depi Adan fin tonbe, lèzòm te vin mouri espirityèlman e yo te soufri nan tout kalite afliksyon. Men, apre sa, Jezikri, Senyè ak Sovè nou an, te vini pou l te remete nou nan ansyen glwa sa a avèk Papa a.

Nan moman ou te resevwa l la, ou te transfere soti nan rwayòm fènwa pou w ale nan limyè rwayòm laglwa li a. Mo 'sali' a se mo sozo, ki vle di anyen pa manke, anyen pa kase. Kidonk, sali ou te resevwa a vle di pa gen anyen ki manke e pa gen anyen ki kase nan lavi ou.

Gen delivrans nanm ou, ou te resevwa pou lavi etènèl la. Genyen tou delivrans sante w, pwosperite w ak tout lòt bagay ki gen pou wè ak lavi w, ki dwe reyalize e apwopriye pou w ka mache nan lavi abondans jan Senyè Jezi te deklare l.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen pral tire nan pi Sali a, sali a nan sante, nan relasyon mwen, nan finans mwen nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Ezayi 12:2-3

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Neemi 13:23-31; Estè 1-4

www.goodnewsdailydevotional.com



Jedi, 22 Me

POTE TOUT ZAM OU YO

Efèz 6:11 (KJV)

Pote tout zam Bondye ba nou yo, pou nou ka kanpe kont riz dyab la.

Nou pa inyore zouti dyab la. Nou konnen li plen trik ak taktik sal, li toujou ap eseye pwofite kote nou manke enfòmasyon.

Bib la ban nou yon enfòmasyon e li di nou pou nou pote tout zam nou, pa yon pati ladan yo, men tout zam nou. Li enpòtan pou nou ekipe nou ak Pawòl la paske se nan li defans nou ak ofans nou ye! Si ou pa pote tout zam ou, wap ekspoze anpati epi yo pral pran avantaj sou ou menm jan ak Èv.

Toujou bay tèt ou objektif pou pran tan pou etidye pawòl la ak pou w lapriyè tou. Siw sèlman konn pawòl la, yap souse w kou kann, si w sèlman gen Sentespri, Yap boule w, men si w gen Pawòl la ak Lespri a, ou pral grandi epi wap ka kanpe kont tout riz dyab la.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen konplètman ame tèt mwen ak Pawòl Bondye a. Dyab la paka bloke m nan anyen nan non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

2 Korint 2:11

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Estè 5-10

www.goodnewsdailydevotional.com



Vandredi, 23 Me

KONSANTRE SOU LI

Matye 14:29 (KJV)

Epi li di: Vini non. Lè Pyè desann soti nan kannòt la, li mache sou dlo a pou lal jwenn Jezi.

Apot Pyè te pentire yon imaj trè klè sou sa anpil moun pase nan lavi yo. Wè Senyè a ap mache sou dlo epi mande l pou l vin jwenn li, sa te fè ase lafwa pou l te soti nan kannòt la epi mache sou dlo a pou l al jwenn Jezi! Konbyen fwa Pawòl la te ankouraje w pandan nou menm, antanke minis Levanjil la, nou krazè ankourajman an, epi w te santi w gen pouvwa pou w soti al pran aksyon? Ou ta ka menm simen yon grenn. Lendi, ou kòmanse mete plan ou an aksyon, men rive madi, yon ti van soufle kont ou, epi ou pèdi elan. Tout sa ou te resevwa ki tap ankouraje w yo, te pati kite w. Ou deja kriye e ap plenyen pandan wap mande poukisa sa toujou rive ou.

Jodi a, mare tèt ou. Kenbe je ou sou pri a, konnen ke kèlkeswa sa ou konsantre w sou li, se li kap destinasyon w. Inyore bri ki bò kote w epi rete konsantre nan Non Jezi!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen rete konsantre sou pri a pandan map kontinye avanse. Okenn aksyon pap fè m pèdi fokis mwen nan non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Filip 3:14

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jòb 1:1-5:16

www.goodnewsdailydevotional.com



Samdi, 24 Me

SIYAL LESPRI A

Ròm 8:14 (KJV)

Paske, tout moun ki kite Lespri Bondye dirije yo, yo se pitit Bondye.

Èske w konnen ou se yon transmetè ak yon reseptè siyal? Èske w te janm eseye debloke veyikil ou ak telekomand li, men sa pa mache paske ou te andeyò? Eseye mete kle a nan tèt ou epi peze bouton an; ou pral wè machin nan reponn pandan wap anplifye siyal la ak ond sèvo w!

Nan 1 Istwa 21:1, Satan te leve kont pèp Izrayèl la e li te pwovoke David pou l mande yon resansman. Sa a te yon siyal ke David te pran nan men Satan. Se poutèt sa li enpòtan anpil pou w rete konekte nan Pawòl la ak nan zanmitay avèk Lespri Sen an pou w ka sansib a sous siyal ou resevwa yo. Jezi te di twoupo mwen an tande vwa mwen; yo konnen siyal mwen an. Kidonk, menm ekriti ki anwo yo afime ke Lespri a dirije vrè pitit Bondye yo.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Antèn espirityèl mwen an pwolonje ak sansibilize ak Lespri Bondye a. Chak jou, mwen egize antandman mwen atravè Pawòl la nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Jan 10:27-28

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jòb 5:17-8:22

www.goodnewsdailydevotional.com



Dimanch, 25 Me

DEMEN NAN LÈ SA A

2 Wa 7:1 (KJV)

Lè sa a, Elize di: -Koute pawòl Seyè a! Men sa Seyè a di: Demen, vè lè sa a, y'a vann yon mezi farin pou yon pri chekèl, ak de mezi lò pou pri yon chekèl, nan pòtay lavil Samari.

Nan pi moman nan istwa Izrayelit yo, kote yo te sèvi zwazo ki sot tonbe pou dejene, manman tap kwit pitit yo pou dine pandan gwo lame siryen an te sènen lavil la, Pwofèt Bondye a te soti e li te deklare yon abondans ekonomik— li pat fè deklarasyon an pou ane kap vini, li te fèl pou jou kap vini an!

Sa a se te yon reviman enposib nan dapre konpreyansyon chanèl, men Pwofèt la te pale nan yon pèspektiv espiyèl! Nou sèvi yon Bondye ki espesyalize nan sitiyasyon ki sanble enposib. Bondye pa kite nou san yon gwo pwofèt nan tan nou an. Pote pi move senaryow la epi tande dekrè Senyè a, epi w ap wè yon chanjman enstantane nan laviw.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Demen lè konsa, mwenn pral mache lib de kèlkeswa chenn mank, maladi oswa opresyon. Mwen vole tankou yon èg nan mitan advèsite nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Jan 6:21

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jòb 9:1-12:12

www.goodnewsdailydevotional.com



Lendi, 26 Me

Obsèvatè espiryèl

Travay 9:3-4 (KJV)

Pandan I tap vwayaje, li pwoche bò Damas : Brideskoukou yon limyè ki soti nan syèl la klere toutotou l'. Li tonbe atè, epi li tandè yon vwa ki tap di l' konsa: Sòl, Sòl, poukisa w'ap pèsekite m konsa?

Apot Pòl, ansyen yo te konnen kòm Sòl, te sou wout Damas pou al pèsekite kretyen yo lè yon zèklè te frape l e li te rankontre Senyè Jezikri, rankont sa ki te kite l avèg. Remake kijan Ananyas, yon disip Senyè a, te resewva misyon pou lal poze men sou Pòl pou vizyon l te kapab retabli. Sa te rive apre yon rankont pèsònèl, men Senyè a te kanmenm bezwen yon nonm nan peyi a pou mete men pou restorasyon te kapab fèt.

Ane sa a se pou w rive nan okazyon sa a epi pou vin moun Senyè a itilize pou fè tout fanmi w soti nan fènwa. Se pou w se moun ki kanpe pou yo a. Se pou w se moun Bondye va di mwen pa ka fè anyen lakay ou san ou pa di ou sa anvan.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen se obsèvatè espiryèl lakay mwen. Mwen sansib ak direksyon Lespri a konsènan nenpòt sa kap pase ak bagay mwen ta dwe priye pou yo nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Ròm 8:14

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jòb 12:13-16:10

www.goodnewsdailydevotional.com



Madi, 27 Me

PITIT BONDYE YO

1 Jan 3:2 (KJV)

Frè m ak sèm yo, kounye a nou se pitit Bondye, Sa nou pral ye a poko parèt men, nou konnen lè Kris la va parèt, nou pral vin tankou l, paske nou pral wè l jan l ye a.

Èske sa pa interesan. Bib la trè patikilye ak mo yo, espesyalman pou aksan. Gade kijan pasaj sa a mete aksan sou nou ki se pitit Bondye kounye a. Li prezante tankou yon apèl pou nou reveye nou - ki ankouraje nou reyalize ak rekonèt ke nou se pitit Bondye deja!

Se yon apèl revèy trè enpòtan paske gen pouvwa pou w ka reyalize nan deklarasyon sa a. Nou idantifye tèt nou plis kòm kretyen, ki vle di tou senpleman disip Kris la, yon idantite payen ban nou! Men, vrè idantite nou sè ke nou se pitit Bondye. Apwòch nou, pozisyon nou, ak atitud nou ta trè diferan si nou reyèlman te pran idantite sa a. Menm agiman nou ak lòt relijyon ta yon klas pi wo pase rès la.

Jodi, reveye kounye a ak reyalite ke ou se pitit Bondye, pa sèlman yon timoun, men yon pitit gason, epi kòmanse mache nan otorite sa a.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen se yon pitit gason Bondye kounye a, epi mwen reveye ak reyalite sa a ak otorite nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Sòm 8:5; Sòm 82:6

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jòb 16:11-20:11

www.goodnewsdailydevotional.com



Mèkredi, 28 Me

LIBÈTE NAN KRIS

Ròm 8:1 (KJV)

Koulye a, pa gen okenn kondanasyon pou moun ki nan Jezikri, ki pa mache dapre lachè, men dapre Lespri Bondye a.

Kounye a, pa gen okenn kondanasyon pou moun ki nan Jezi Kris! Sa se yon bagay pou rele byen fò! Ou wè sa, lè Senyè Jezikri te aksepté mouri pou nou sou kwa a, li te peye pou TOUT peche—ni peche pase, ni prezan ak ni sa kap vini. Li te fè l, li te fè fas ak tou sa.

Bondye pa gen okenn pwoblèm peche avè ou; se konsyans peche w ki kenbe w nan esklavaj. Travay ènmi an se kontinye raple ou fot ou ak erè ou, pou l mennen ou nan kondanasyon pwòp tèt ou ak move panse ke Bondye fache avè w!

Jodi a, reveye ak reyalyte sa a : ke pa gen okenn kondanasyon pou ou ki nan Kris la epi kap mache selon Lespri a. Se poutèt sa li enpòtan pou nou rete nan Pawòl la epi pa kite okenn plas pou dyab la vin pale nan zòrèy ou.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se moun Bondye jistifye. Mwen konsyan de benediksyon m ak libète m de tout kondanasyon nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Ebre 4:17

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jòb 20:12-24:12

www.goodnewsdailydevotional.com



Jedi, 29 Me

FONKSYONE TANKOU BONDYE

Jenèz 1:26 (KJV)

Lè sa a, Bondye di: Ann fè moun selon imaj nou, dapre resanblans nou.

Lè Bondye te kreye lòm, li te kreye l pou l sanble (imaj) ak fonksyone (resanblans) tankou li. Kidonk, lè Adan te kreye, li te sanble ak Bondye e li te fonksyone menm jan ak Bondye. Nou te wè sa lè Bondye te fòme bèt soti nan tè a epi li mennen yo bay Adan pou li ba yo nan lavi, epi yo te vin vivan!

Kapasite kreyatif sa a abite nan ou jodi a pandan ou te fèt yon dezyèm fwa nan Lespri Bondye a. Se poutèt sa Bib la di mwen te di ke nou se bondye! Ou gen kapasite pou mennen a egzistans nenpòt bagay ou vle selon mezi lafwa ou.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen te kreye pou fonksyone tankou Bondye – mwen fèt selon imaj ak resanblans li avèk pouvwa kreyatif li vivan nan mwen. Menm jan Adan te rele lavi a, mwen pale lavi ak otorite Lespri a. Grasa lafwa, mwen bay egzistans a bagay egziste. Mwen dekrete e mwen deklare ke pa gen anyen ki depase limit mwen ane sa a. Lafwa m grandie pi mwen kreye mond mwen jodi a! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Ebre 4:17

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jòb 24:13-29:13

www.goodnewsdailydevotional.com



Vandredi, 30 Me

ESKE ZO DESECHE YO KA VIV ANKÒ

Ezekyèl 37:3 (KJV)

Epi li di m' konsa, Pitit nonm nan! Eske zo sa yo ka viv? Apre sa, mwen reponn, Seyè, Bondye, ou konnen.

Nan Ezekyèl 37, yo mennen pwofèt la nan yon vale ki plen zo deseche, yon senbòl dezespwa ak san lavi. Bondye poze l yon gwo kesyon, “Èske zo sa yo ka viv?” Ezekyèl reponn avèk sajès, “O Senyè Bondye, ou konnen.” Lè sa a, Bondye kòmande Ezekyèl pou pwofetize sou zo yo, epi pandan l ap pale, yon transfòmasyon mirak rive. Zo yo mete tèt yo ansanm, lachè kouvri yo, epi souf Bondye a fè yo reviv tankou yon gwo lame.

Ane sa a pa gen okenn sitiyasyon ki ale twò lwen pou Bondye. Sa ki sanble san lavi—kit se sante w, finans ou, relasyon w, oswa rèv ou—kapab retabli ak Pawòl Bondye a ak souf Lespri li a. Pandan w aliye w ak Pawòl li a epi wap pale lavi nan sikonstans ou yo, mirak yo ap mete yo an mouvman.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen dekrete epi mwen deklare, pa gen okenn sitiyasyon nan lavi mwen ki depase pouvwa Bondye. Mwen pwofetize lavi nan chak zòn deseche ak nan chak zòn san vi nan egzistans mwen. Pa lafwa, mwen wè restorasyon, gerizon, ak abondans k ap vin jwenn mwen. Souf Bondye ranpli m, revitalize rèv mwen, renouvle fòs mwen, ak transfòme lavi m. Mwen leve ane sa a, yon temwayaj vivan de pouvwa mirak Bondye. Zo deseche sa yo pral viv, nan non Jezi ki gen tout pouvwa! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Ezekyèl 37:10

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jòb 29:14-32:10

www.goodnewsdailydevotional.com



Samdi, 31 Me

BENI SENYÈ A

Sòm 103:2 (KJV)

Beni Seyè a, o nanm mwen, epi pa bliye tout byen li yo.

Pandan n ap fini yon lòt mwa, pran tan pou w beni Senyè a ak tout sa ki nan ou. Rekonèt bagay tanjib li te fè pou ou yo epi fè lwanj li pou bagay ou konnen ou pa ka konte yo ak sa ki depase konpreyansyonw. Si Bib la di Bondye pa ase mechan pou l bliye travay ou ak zèv lanmou w (Ebre 6:10), menm jan an tou, sa ta mechan pou w ta bliye sa Senyè a fè pou ou. Jis imajine ki jan ou santi ou lè ou fè yon bagay pou lòt moun, epi yo pa menm rekonèt li, y opa menm di ou mèsi pou efò ou. Se konsa, jodiya, di Seyè a mèsi. Selebren sa li toujou ap fè nan laviw. Lèw fè sa, ou menm pwovoke l pou l parèt epi montre li ka fè plis toujou!

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen beni Seyè a ak tout sa ki nan mwen. Map toujou sonje sa li te fè e sa lap li kontinye fè pou mwen ak fanmi mwen nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Sòm 100:1-5

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jòb 32:11-35:16

www.goodnewsdailydevotional.com



Dimanch, 1 Jen

ETABLI NAN PAWÒL LI

2 Piè 1:12 (KJV)

Se poutèt sa mwen pap neglije fè nou sonje bagay sa yo, menm si nou konnen yo deja, e etabli nou nan verite prezan an.

Bondye konnenw plis kew konnen tèt ou. Li se Kreyatè w et Li konprann tout fib kòw. Lè Bondye pale avè w, Li vle Bondye ki nan ou a pou reponn avèk lafwa a pawòl ki pale a. Bondye fè tout bagay an fonksyon de konsèy li. Li se La Pawòl (Jan 1:1), donk Li pale an fonksyon de Pawòl Li a Bondye ki nan ou a. Bondye nan ou a dwe reponn a pawòl pwofetik ki pwononse sou laviw la avèk lafwa, epi pèsonn pap ka neglije rezilta wap resevwa yo.

Bondye toujou pale verite prezan an a lespri w. Nan ane sa, aksepte ke Bondye ki anndanw lan reponn pawòl li san okenn dout epi gade rezilta yo etone menm oumenm. Pa kite Satan volè pawòl Bondye a. Bondye di li gen anpil jan li ka pote on milya dola ba ou. Kenben pawòl sa, epi an verite, wap mache nan eksperyans sa nan Non pisan Jezi! Amèn!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen reveye ak vwa Bondye kap pale ak Bondye ki anndanm nan. Mwen pran Pawòl Bondye a janl ye a. Mwen paka echwe; nan sa, mwen genyen nan Kris. Louwe Senyè a! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

1 Jan 2:21

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jòb 36:1-39:12

www.goodnewsdailydevotional.com



Lendi, 2 Jen

KITE LIMYÈW BRIYE

Pwovèb 3:15 (BSA)

Li pi presye pase bijou; e okenn lòt bagay kew ta dezire pa kab konpare avèk li.

Lò, metal presye ki pi rechèche selon lasyans — byen ke gen moun ki ka panse se pa vre — te pran egzistans lè planèt yo te antre nan mòd sipè nova. Planèt yo te pran twòp chalè e yo te fòse eleman presye sa pran vi. Ki donk, lò vini literalman de planèt.

Men yon bagay ki enkwayab: moun gen lò nan yo. Kòm prèv, prèske tout eleman ke nou ka jwenn nan anviwonman egziste nan kò moun. Ou ka pat realizel, men ou pote lò — menmsi se an ti kantite. Realite ki di kew se yon konpozisyon mineral ak lòt eleman montre ke gen yon bagay presye anndanw, kap tann poul sòti. Bondye konsidere kew tèlman gen valè kel mete pi gwo trezò Li posede a — Sentespri — nan ou, veso tè a. Sentespri ki nan ou a gen plis valè ke lò. Mache ak konsyans ke Bondye viv nan ou, paskew presye pou Li. Ou se yon antite espiyèl rich, ki kouvri ak lò. Lè Pawòl Bondye fin netwayew, ou pral briye plis pase zetwal galaksi yo. Ou se limyè ki pral briye nan mond fènwa ki antourew la.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Map swiv wout limyè a. Map kontinye briye tout kotem ale ak Pawòl Bondye kap klere wout mwen tout kote, nan Non Jezi ! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Ròm 8:18

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jòb 39:13-42:9

www.goodnewsdailydevotional.com



Madi, 3 Jen

SE POWW ESPESIFIK

Mak 11:23 (KJV)

Anverite, Mwen di nou, nenpòt moun ki di ak mòn sa: 'Retirew la epi jetew nan lanmè a, sanl pa doute nan kèl, men kwè ke sa li di a va rive; Li va genyen nenpòt bagay li di.

Èskew te wè jan sa Jezi te di a espesifik? Anpil Kretyen rete bloke sou mo "nenpòt" la san yo pa mete atansyon a "mòn sa". Nan pwosesis lapriyè, prezizyon nan rekèt priyèw la se kle pouw resevwa repons ou an.

Kisa ki mòn espesifik sa kew vle ki pou chanje pou destinew ka transfòmè a? Bagay espesifik kew bezwen pou modifiye ak chanje istwa laviw la sipoze sib lapriyèw la.

Jodiya, ka genyen anpil bagay kew vle akonpli, anpil objektif wap sible, men vèsè jodi a di pou ou pa trouble pansew lè wap priye. Lis priyè w sipoze priyòriz bagay nimewo 1 sa ke ou vle wèw akonpli kounya a, epi pendan wap priye avèk konsentrasyon lazè sou bagay sa, li va akonpli pa Papa w nan syèl la !

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen konnen Bondye reponn lapriyè. Gen yon sèl pwèn nan lapriyèm pou jodiya e mwen konnen pandan map priye a, Li tandem. Poutèt sa, mwen konnen mwen gen repons lapriyèm nan kounye a nan non Jezi. Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Matye 21:21

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jòb 42:10-17; Sòm 1:1-5:7

www.goodnewsdailydevotional.com



Mèkredi, 4 Jen

POUKISA POWW PRIYE

1 Tesalonik 5:17 (BSA)

Priye san rete.

Li enpòtan pou nou konprann poukisa yon Kreyen priye. Lapriye sipoze fèt ak entèlijans, espesyalman lè se yon rekèt priye espesifik. Nou konnen ke Bondye omniprezan — ki vle di Li tout kote. Alòs, poukisa nou priye si Bondye tout kote?

Efèz 4:10 di nou ke lè Jezi te resisite, li te monte piwo pase tout syèl yo poul kapab akonpli tout bagay. Sa konfime omniprezans Bondye. Malgre sa, lapriye pa sèlman pou rekonèt prezans Bondye; li pèmèt nou envite pouvwa Li travay ekspresè nan lavi nou.

Yon moun kap lapriye se yon moun kap chanje — yon moun ki vrèman konprann pouvwa lapriye. Labib di nou ke nou plis ke venkè atravè Kris ki fòtifye nou. Sa vle di Bondye rele nou pou nou ale pilwen ke senpman “gèye lapriye.” Objektif lapriye se bay Bondye pèmision pou Li travay nan laviw.

Lèw priye, ou bay Bondye pèmision pou Li aji sou kaw la. Nan moman ke relasyonw yo brize, maryaj ou gate, oubyen menm ou pa ka gen pitit, pa retniw. Pa fatigew. Priye ak zèl ak esperans. Gade Bondye kap opere nan tout majeste Li e kap aji nan favèw pandan ane sa.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen pral travay nan lapriye; Mwen konnen repons mwen an pral manifeste. Mwen pa bouke; Mwen pap abandone, paskem konnen Bondye mwen an reponn lapriye ak dife! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Efèz 6:18

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 5:8-8:9

www.goodnewsdailydevotional.com



Jedi, 5 Jen

TEKNIKALITE LAPRIYÈ

Ezayi 65:24 (BSA)

Anplis, li va vin rive ke avan yo rele, Mwen va reponn; epi pandan yo toujou ap pale, Mwen va tande.

Pasaj bibliik jodiya fè nou sonje ke anvan menm ke nou priye, Bondye te gentan reponn. Pandan menm ke nap pale, Lap travay. Bondye konnen saw pral di nan priyèw la avanw menm ou louvri bouch ou. Li deja konnenw bezwen kòb lekòl la. Li deja konn detay maryaj ou a anvan menm kew mete priyèw sou lotèl la. Bondye wè eta enkyetid ou akòz dyabèt ak tansyon. Poutan, Li kanmenm di priye!

Anpil Kreyen gen pwoblèm pou yo priye, men depi nan kòmansman, Bondye te deklare: “Se pou yo domine” (Jenèz 1:26), Li bay lòm tout otorite pou dirije latè epi domine. “Yo” a gen oumenm ladann. Kidonk, pou Bondye fè nenpòt bagay sou planèt Tè a, Li bezwen pèmisionw, kew ba Li nan lapriyè. Lèw neglije priye, ou anpeche Bondye koresponn ak pwoblèm ou yo. Kounye a ou konprann kijan li enpòtan pouw priye san rete. Priyèw yo libere pouvwa Bondye nan laviw !

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Pa gen anyen ni pèsòn ki pral anpechem priye. Mwen bay Bondye aksè pou Li defye defim yo ak pou Li liberem. Priyèm yo pote otorite divin, e mwen va wè pwogrè nan non pisan Jezi ! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Sòm 91:15

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 9-10

www.goodnewsdailydevotional.com



Vendredi, 6 Jen

POUWA PAWÒL BONDYE A

Sòm 138:2 (KJV)

Map adore nan tanp ki apa pou ou a, map fè lwanj non ou poutèt jan ou renmen ak pou veritew la, paskew te leve pawòl ou pi wo pase tout non ou.

Pouwwa Bondye limite ak Pawòl Li. Sa vle di Bondye pap fè anyen andeyò de Pawòl Li. Grandè intèvansyon Bondye nan laviw — keseswa nan biznis ou, fannmiw, finans ou, oubyen santew — depann de janw aplike Pawòl Li. Li enpòtan pouw konprann ke Bondye te di espesifikman ke Pawòl ki soti nan bouch Li pap retounen vin jwenn Li vid, men lap akonpli objektif Li te mete sou li lè Li te voyel la.

Konbyen fwa e ak ki frekans ou pale Pawòl Bondye a sou laviw? Bib la di, “Mwen swete plis pase tout bagay kew pwospere e kew an bòn sante, menm jan nanm ou ap pwospere a” (3 Jan 1:2). Reklame chak pwomès ou wè nan Pawòl Bondye a, epi deklarel sou pitit ou, sou santew, ak biznis ou. Bondye ap tann ou mache nan sante divin. Si santew pa anfòm, deklare Pawòl Bondye a epiw va wè sante tounen vin jwenn ou. Alelouya !

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen kanpe sou otorite Pawòl Bondye a. Mwen dekrete e deklare ke fanmim ap viv an bòn sante, biznis mwen va pwospere, e mwen va tande bòn nouvèl chak jou nan lavim nan non Jezi ! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

1 Wa 8:29

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 11:1-17:5

www.goodnewsdailydevotional.com



Samdi, 7 Jen

DEKONEKTE DE AZAZÈL

Levitik 16:8

Aprè sa, Arawon va tire osò sou de bouk kabrit yo, youn pou Seyè a ak lòt la pou Azazèl.

Nan vèsè jodiya, nou wè yo prezante de kabrit: youn te ofri ak Bondye an sakrifis, e yo te voye lòt la bay "Azazèl." Dezyèm kabrit la pat sakrifye. Li te sèlman yon pòtè oubyen yon faktè ki tap pote move nouvèl, ki reprezante peche pèp Bondye a ki te libere epi ke yo te voye bay Azazèl, yon demon ki kontwole dezè a e ki responsab tout pwoblèm sou Tè a. Kabrit yo pote bay Azazèl nan dezè a te rele "boukemisè", ki vle di li te pran peche kongregasyon an menm moman gran prèt la se sakrifye la. Senyè nou an Jezi Kris tounen sèl boukemisè ki te pote peche nou yo sou lakwa. Menm moman ou te aksepte Jezi kòm Senyè ak Sovèw la, pechèw yo te padone. Kounye a, ou libere de kilpabilite tan pase yo. Viv nan nouvote redanmsyon Kris ki liberew la, epi pran posesyon tout avantaj ou genyen yo kòm pitit Bondye. Louwe Senyè a!

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen se yon pitit Bondye; Mwen pa gen alyans avèk enmi an ni avèk ajanl yo. Mwen mache nan libète kem genyen antan ke pitit Bondye. Mwen piwo pase maladi ak enfimite yo; mwen viv yon lavi plen ak sante divin nan non Jezi. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Levitik 16:10

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 17:6-18:36

www.goodnewsdailydevotional.com



Dimanch, 8 Jen

BONDYE AP MANDE TÈT LI OFRANN

Aje 2:8 (BSA)

Ajan se pou mwen, e lò se pou mwen, se sa Letènèl mèt tout lame yo deklare.

Erè anpil Kretyen fè se panse ke lè Bondye pale de bay ofrann oubyen semans, Lap pale ak limitasyon yo kòm moun. Olye de sa, Lap pale ak Bondye ki nan yo a. Ou se kanal komunikasyon Bondye itilize pou Li pale ak Limenm ki anndanw nan. Pwoblèm nan parèt lèw reponn ak yon mantalite mank olye kew kite Bondye ki nan ou a reponn.

Bondye konnen Lap viv nan ou ak tout glwa ak richès majeste Li, e li kapab pwodui ofrann Li mande a. Poutan, lèw entèfere epiw reponn sou baz limitasyon ak mank kew fikse tèt ou yo, epiw aji, ou bloke abilite Bondye pou Li miltipliye ofrann ak semans ou a an abondans. Bondye konnenw rich. Se idantitew nan Kris, donk aji an konsekans. Lè Li pale, kite Bondye ki nan ou a reponn, epi gade abondans manifeste.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen pote ADN Bondye; mwen gen yon eritaj rich. Mwen se moun Bondye dim ye a. Mwen refize pòv yon lòt jou ankò nan non pisan Jezi ! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

1 Istwa 29:16

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 18:37-21:13

www.goodnewsdailydevotional.com



Lendi, 9 Jen

OU MENM AK SEMANS OU

Filip 4:16 (BSA)

Paske menm nan Tesalonik, nou te voye yon fwa ankò yon don pou satisfè bezwenm yo.

Mwen totalman konvenki ke Kò Kris la pa byen konprann zafè semans avèk ofrann lan. Li kapab yon vrè defi pouw ankouraje laplipa Kreyen yo bay pou sipòte pwojè ministè yo, pou enfliyanse moun ki deyò yo oubyen evanjelizasyon. Bay ak simen se gwo pwoblèm pou Kreyen òdinè yo — pa paske lajan manke, men akòz yo manke konesans ansanm ak mantalite limite ke yo genyen.

Nou bezwen konprann ke semans nou reprezante lajan nou libere jodiya pou nou kreye avni nou vle genyen demen an. Bay se esansyèlman yon pwoblèm lafwa. Lèw simen nan ministè, pou enfliyanse moun ki deyò oubyen evanjelizasyon, wap demontre konfyans ou gen nan kapasite Bondye pou Li reponn ak bezwenw yo. Aksyon sa ki baze sou lafwa deklannche yon nivo pwovizyon ki depase atant ou, pou ogmante nan abondans ak sifizans total. Ou rive nan yon pwen kote anyen pa an ti kantite ni manke nan laviw, epi ou pap bezwen okenn èd ki soti deyò — otan jodiya ke nan avniw, e menm pi lwen toujou.

DEKLARASYON PWOFOETIK

Mwen se yon depo semans. Mwen pap kenbem lè se poum bay, paske mwen se yon donè rapid e jwaye, nan Non Jezi ! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Tit 3:14

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 22:1-24:6

www.goodnewsdailydevotional.com



Madi, 10 Jen

GEN SAJÈS

Pwovèb 4:7 (KJV)

Sajès se bagay prensipal la; kidonk, achte sajès: epi ak tout saw genyen, achte entèlijans.

Pasaj bibliik jodiya di sajès se bagay prensipal la e ak tout saw genyen, achte entèlijans. Pwoblèm nan sè ke majorite moun pral kouri dèyè fòmil ak sa pou yo fè ak sa pou yo pa fè pou yo ka gen sajès. Poutan, Pawòl Bondye di nou ke Kris se sajès nou. Lè nou gen Kris, nou gen sajès. Note ke rive Kris sou Tè a te make ak bay: “Paske Bondye te tèlman renmen lemond, ke Li te bay” (Jan 3:16).

Kidoonk, sajès vini ak bay, epi bay enplike simen semans. Lèw libere yon semans, gras aktive sou biznis ou, fanmiw, ak finans ou. Gras sa etann kapasitew pouw pwodiktif ak bay fwi. Èskew konprann kounya? Lèw simen semans, ou pèmèt gras multipliyè travay menw. Kòmansè bay avèk konpreyansyon ke gras Bondye pral ogmante enpak ak prosperitew nan Non Jezi.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen se yon donè vyolan; semans mwen pral pale pou mwen lè tout lòt bagay fè silans. Mwen pa ka dezavantaje; ka pam nan diferan. Map kontinye monte piwo e grandi pi plis. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Sòm 49:16

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 24:7-27:6

www.goodnewsdailydevotional.com



Mèkredi, 11 Jen

FÈ PATI DE YON BAGAY PI GRAN

Lik 5:7 (NIV)

Se konsa, yo fè siy ak patnè yo nan lòt kannòt la pou yo vin ede yo, epi yo te vini e yo te plen de bato yo ki te tèlman plen ke yo te kòmanse koule.

Pasaj bibliik pou jodiya se yon egzanp klasik de patenarya an aksyon. Gade kijan konvèsasyon an te ye ant Piè ak Jezi. Nan lòt mo, rema te vini ak Piè, e li te obeyi, suiv enstriksyon yo, epi yo te jwenn yon bon rekòt. Après, Patnè Piè yo te vin ede, epi bato yo te plen ap debòde tou. Menm si patnè sa yo pat tande Jezi dirèkteman, yo te kanmenm benefisye de abondans la.

Nan ministè, lè se pou tande vwa Bondye oubyen wè vizyon, sa pa gen enpòtans kew te la depi nan kòmansman ou non. Sak enpòtan se patisipe lè mouvman Bondye a evidan. Si se vwa Bondye ki pale, ou pral wè rezilta yo klè.

Lèw wè je avèg kap louvri, moun soud kap tande, sida ki prale, fibròm yo kap fonn, fanm esteril kap fè pitit, etc., se sinyal paw pouw rantre nan patenarya. Patenaryaw pral fèw fè pati de yon bagay ki pi gran nan ajenda Bondye a. Alelouya !

DEKLARASYON PWOFFETIK

Vizyon Bondye se vizyon pam; Ajenda Bondye se ajendam. Map fè patenarya ak Bondye poum fè pi gwo eksplwa yo. Mwen eksite ke Bondye metem nan plan Li poum ka akonpli objektif li yo pou lavim nan Non Jezi. Amèn!

ETID KONPLEMANTÈ

Mak 4:36

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 27:7-31:5

www.goodnewsdailydevotional.com



Jedi, 12 Jen

APRANN KONTWOLE LAJAN

Matye 6:24 (NLT)

Pa gen moun ki ka sèvi de mèt. Paskew pral rayi youn e renmen lòt la; ou pral swa devwew ak youn e rayi lòt la. Ou paka sèvi Bondye epi esklav lajan.

Sijè lajan trè delika ak sansib pou anpil moun nan Kò Kris la. Anpil ka sigjere ken pa sipoze tande ni pale de lajan. Gen lòt ki santi ke lèw pale de lajan, wap preche yon mesaj pwosperite; non, nou se senpman Kreyen kap pwospere. Nap viv yon revelasyon pwofetik, yon apokalipsis, ki vle di ekay ki sou je yo retire pou ka konnen verite gras Bondye a.

Vrè pwoblèm nan se pè lajan. Ou pa ka janm libere plis ke saw pè. Ankourajmanm pou ou se pa pè lajan! Gen yon lespri dèyè lajan, men lèw konkeri lapèrèz sa, ou gen otorite sou lespri ki kontwole la. Kou faktè lapèrèz la sòti, dominans ou sou lajan pral vini an fòs. Pou rès lane sa lajan dwe sijè paw nan biznis ou ak finans ou!

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen domine lajan, e pèrèz lajan kanpe lwenm. Mwen dwe viv yon lavi plen ak pwosperite ak bòn sante jan Pawòl Bondye anseye li. Mwen va prete e mwen pap mande prete nan Non pisan Jezi. Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Lik 16:11

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 31:6-33:5

www.goodnewsdailydevotional.com



Vandredi, 13 Jen

WÈ AK JE LESPRI

Jòb 22:24 (KJV)

Lè sa ou va ranmase lò tankou pousyè tè, epi lò Ofi a tankou wòch nan kouran dlo yo.

Te gen yon tan nan istwa Izrayèl pandan epòk Jedeyon an, lè Senyè a te manifeste tèt li bay Jedeyon. Zanj Senyè a te parèt devan Jedeyon epil te kòmanse pale pawòl ankourajman, li te deklare idantite Jedeyon kòm yon vanyan gason ki gen valè sou plan espirityèl. Li enteresan pou wè jan Jedeyon te reponn nan dout li ak yon lis rezime eritaj li sou tè a, liy san ak kouch sosyal li, ki te sanble kalifyel. Men, Bondye pat konsène ak eritaj natirèl Jedeyon an; Li te pale ak idantite espirityèl li.

Ou wè, domèn lespri a defini kiyès ou ye toutbon, se pa atribi fizik ou yo. Lè Bondye diw rich, atrape pawòl sa, kwèl, epi kòmanse konfesel. Sispann konsantrew sou sikonstans ou ye kounye a epi gade pi lwen pase natirèl la. Kòmanse wè ak je Lespri nan plas je optik la. Ou gen jèn diven yo ki enjekte nan ou! Gade tèt ou menm jan Bondye wèw. Li diw pral prete nasyon yo epi oumenm ou pap prete; ou anlè sèlman, ou pa anba. Kwè Sila ki te di sa, epiw va fè eksperyans mirak ou a ane sa!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen se moun Bondye di mwen ye a. Mwen se yon krazè baryè, yon lidè, ak yon jeyan nan domèn lespri. Lavim pral temwaye pouvwa ak glwa Bondye, nan non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

1 Wa 9:28

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 33:6-35:21

www.goodnewsdailydevotional.com



Samdi, 14 Jen

SIYAL KI SÒTI NAN LÒT MOND

1 Kòrint 14:10

Genyen, petèt, anpil kalite vwa nan mond lan, e okenn pa san siyifikasyon.

Mwen di sa ankò e ankò pa gen okenn son ki san siyifikasyon (sans). Ou ka chante oswa menm danse sou sèten son ak bit ki gen bèl kout tanbou ak kèk melodi dous epiw endjòy. Reyalite a sè ke son wap danse san konprann nan kapab yon siyal pou demon rasanble bò kotew epi jwenn yon pòtay pou yo sèvi kont ou. Saw koute, saw danse, ak saw chante tout pote yon mesaj klè nan domèn lespri a kew ka pa konnen. Pa janm trete son oubyen nenpòt fòm mizik alalejè, sinon ou ka tounen yon viktim espiyritèl. Gen kèk mizik ki ka kreye yon atmosfè entans kote rankont etranj rive, paske li envoke prezans demonyak. Pa gen anyen ki nòmal ak son; ou ka pa konn siyifikasyon an, men verite a rete ke li ka yon pòtay pou swa envoke yon bagay malefik oubyen akeyi yon prezans anjèlik pou anonse pwochen nivo benediksyonw lan.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Nan ane sa, map sèlman branchem sou frekans Sion an. Chante pou adore Bondye va soti nan bouch mwen. Mwen refize sèvi kòm kanal nan rezo mizikal dyab la pou pyeje kounye a ak pou tout tan nan non Jezi. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

1 Kòrint 14:11

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 35:22-37:26

www.goodnewsdailydevotional.com



Dimanch, 15 Jen

KONTINYE PALE LI

Jan 6:63 (NLT)

Se sèl Lespri a ki bay lavi etènèl. Efò moun pa fè anyen. Epi Pawòl Mwen diw yo se Lespri ak lavi.

Pawòl ki pale yo pote pouvwa pou atire lespri ki asosye avèk yo epi mete bagay an mouvman. Lèw pale pwosperite, lespri ki asosye ak pwosperite a pozisyon li poul ka koze benediksyon yo manifeste nan laviw. Pandan wap angajew nan biznis oubyen nenpòt ki lòt aktivite, deklare pwosperite epi pa doute de tèt ou. Pale nan yon pozisyon de fòs, apati de kote Bondye relew pou ye a, e non kotew ye kounye a. Sonje, lafwa vini nan tande Pawòl Bondye.

Pa janm rete an silans — Kretyen ki an silans yo mouri an silans. Se yon erè grav pouw panse negativman epi pouw pale panse sa yo. Pawòl yo pote pouvwa; yo rete nan atmosfè a ap tann pou yo manifeste nan bon moman an. Pawòl negatif ak pawòl mechan yo pi fasil pou ante an aksyon ke bon pawòl yo, kidonk pa sispann pale pawòl negatif sou pitit ou, sou fanmiw, ak sou biznis ou. Deklare bòn sante, pwosperite, lonjevite ak pwogrè sou fanmiw nan ane sa.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen pale pawòl ki aktive benediksyon sou lavim. Mwen se yon pwodui de sam deklare. Mwen se yon moun viktorye e non yon viktim. Mwen rich e an sante, epi pa gen anyen enmi an ka fè pou sa, nan Non pisan Jezi ! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

2 Kòrint 3:6

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 37:27-39:13

www.goodnewsdailydevotional.com



Lendi, 16 Jen

MARINEN NAN PAWÒL LA

Jeremi 20:9

Epi mwen te di: Mwen pap mansyone non Li ankò, ni mwen pap pale anplis nan non Li. Men Pawòl Li te nan kèm tankou yon gwo dife ki fèmen nan zom; mwen te bouke sipòte, mwen pat ka kenbe ankò.

Pwofèt Jeremi te pale de Pawòl Bondye a ki te tankou yon “dife” ki fèmen nan zol. Malgre ridikil ak opozisyon, li refize fè pèp la plezi epi li pale verite Bondye avèk kran. Pawòl ki pale a gen tandans pote sante nan kòw, fè finans koule vè kont bankèw, epi kreye yon atmosfè lapè lakay ou. Se lavi pou nanm ou!

Lè Pawòl Bondye vin yon pati de oumenm, ou pap ka kenbel ankò. Ou pap gen lòt opsyon ke palel sou sitiyasyonw nan. Etidye Pawòl la chak jou, meditel, epi kitel nouriw. Fè Pawòl Bondye a manje ou pran chak swa avanw al dòmi epi manjew pran chak maten pou enèjize lespriw epi byen kòmanse jounenw. Fè sa, ew pral gen garanti gen yon jounen siksè chak jou pou rès ane sa.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Lavim pral yon lavi mèvèy, paske Pawòl Bondye a se dayèt mwen. Mwen pap kite lesprim grangou, mwen pito nouriw li byen, ak manje espiyèl rich ki sòti nan Pawòl Bondye kounye a ak pou tout tan! Louwe Senyè a! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Travay 4:20

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 40-42

www.goodnewsdailydevotional.com



Madi, 17 Jen

MÒD KONBA

1 Timote 6:12

Goumen bon batay pou vrè lafwa a. Kenbe djanm ak lavi etènèl Bondye te relew la, kew te deklare trèbyen devan anpil temwen.

Pawòl Bondye nan ou a tankou yon bal nan chanm yon revòlvè. Moman ou tire a, li kreye yon eksplozyon ki deranje plan enmi an. Pwoblèm nan sè kew deja mete bal nan zam nan, men olyew tire, ou pa fè anyen pandan ke enmi an ap tire sou ou.

Pa gen tan ankò pou negosyasyon ak dyab la. Sèl langaj li konprann se fòs. Ane sa, pa kenbe lapèw pi lontan ankò — ase se ase ! Siw se yon sòlda nan zòn lagè, ou pa ezite ni kanpe gade; ou tire an premye anvan enmi an gen chans tire. Ou dwe frape avan li kapab. Pa kenbe zam nan san tire. Kòmanse tire sou dyab la kounya san kanpe, ak lang ou tankou yon mitrayèt, epi gade alòske enmi an ap detwi nan Non pisan Jezi.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen dwe angaje konba sa pou fanmim, santerem, pitit mwen, epi maryaj mwen ak fewòs kont enmi an. Mwen se yon konbatan, mwen pa yon kapon. Mwen se yon sòlda, prè poum venk tout opozisyon ki nan kan enmi an nan Non Jezi ! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Filip 3:12

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 43:1-45:12

www.goodnewsdailydevotional.com



Mèkredi, 18 Jen

KRETYÈNTE 2.0

Galasi 5:22

Men fwi Lespri a se lanmou, lajwa, lapè, pasyans, ladousè, bonte, lafwa.

Pasyans nan tradiksyon Grèk la nan pasaj sa se makrothumia, ki gen pou wè avèk andirans, dedikasyon, pèsèverans ak tolerans. Avèk makrothumia, ou gen kouraj pouw kenbe fèm devan advèsèw yo. Avèk tout pouvwa ak dife sa, pa kite pwoblèm kontwolew. Kite fwi Lespri nan ou a koule epi nwaye pouvwa mechan an.

Kanpe sou pozisyonw; dènye pati ane sa a se peryòd manifestasyonw; kontinye pouse. Ou gen pouvwa pouw rete malgre tout sa yo ka voye nan direksyonw.

Ou rantre lòt nivow la, e ansanm avèl, gen demon ki deplwaye nan kan enmi an pou terorizew. Men ou pa yon èt imen òdinè. Ou pote fòm jenetik Bondye tou puisan, e Sentespri ap viv nan ou. Pa gen pitye pou tèt ou, paske mizè renmen konpayi. Retire tout santiman defèt ak tristès. Ou gen yon Pawòl pwofetik ke sa se tan paw. Sòti nan somèy ou e fè eksplwa pou Jezi!

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen kanpe sou Ròch la; mwen pap janm nwaye. Tèt mwen ap rete anwo dlo yo. Map viv yon vi viktwa nan Non pisan Jezi ! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Ròm 5:1

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 45:13-48:14

www.goodnewsdailydevotional.com



Jedi, 19 Jen

LEGLIZ LA AP MACHE

Matye 16:18

Epi mwen di ke oumenm, ou se Piè e sou wòch sa a map bati legliz mwen an, e pòtay lanfè pap kapab venk li.

Senyè Jezi fè yon gwo deklarasyon baze sou revelasyon Apot Piè te di a kise “Jezi se Mesi a, pitit Bondye vivan an” (Matye 16:18). Li te di “Sou wòch sa a map bati Legliz Mwen an, e pòtay lanfè pap ka pab venk li.” Sa sipoze ranfòsew kòm Kreyen. Legliz la pa kat mi yon bilding fizik— se ou menm. Ou se tanp Sentespri a, katye jeneral Trinite a.

Nan vèsè sa a, “pòtay” vle di prizon, otorite, pouvwa, ak limitasyon ki te pozisyon yo kont ou avèk objektif pou yo stope avansmanw. Poutan, sa Jezi te di nan tan sa kontinye valid kounye a. Pa gen otorite ni pouvwa ki soti nan kan enmi an ki ka ralanti pwogrèw. Li ka sanble kew pap akonpli anyen, men tann— anvan ane sa a fini, tan manifestasyonw va evidan pou tout moun wè.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Lavim vlope nan Kris. Mwen pote Sila ki kenbe tout bagay nan pla menm Li yo. Mwen paka echwe. Lavim an sekirite nan Kris, e mwen se yon ganyan. Pa gen okenn pòtay lanfè ki ka stope pwogrèm, nan Non pisan Jezi ! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Travay 20:28

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 49:1-51:9

www.goodnewsdailydevotional.com



Vandredi, 20 Jen

PLAN BATAY BONDYE POU VIKTWA

Jij 7:7 (NIV)

Senyè a te di Jedeyon, “Avèk twa san nèg ki lape yo mwen pral sovew e mpral mete Madyanit yo nan menw. Kite lòt yo rantre lakay yo.”

Teyolojyen yo estime ke Izrayèl te fè fas ak yon fòs enmi ki gen 120 000 nèg anba otorite Jedeyon, pandan ke lame Izrayèl la te gen sèlman 32 000 òm. Izrayèl te mwens anviwon 4 a 1. Malgre sa, Bondye te enstwi Jedeyon pou li redui twoup li yo a sèlman 300 nèg. Natirèlman, sa pa fè sans, men wout Bondye yo pa fè sans — yo fè lafwa.

Jedeyon te redui nèg li yo jan Bondye te instwil la konsa lè yo te genyen batay la, Izrayèl te ka rekonèt ke se te Bondye, e non lame yo a, ki te delivre yo. Pafwa, Bondye pral retire moun nan anvironmanw konsa lè tan manifestasyonw lan eksploze, sèlman Li menm va jwenn glwa. Nan ane sa, temwanyaj ou va pou glwa Bondye. Sèlman fè Li konfyans.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen se yon sòlda nan lame Bondye a, e mwen fè Kòmandanm nan konfyans totalman. Mwen pa pral bay manipilasyon enmi an espas. Bondyem nan se yon Bondye lagè, e Li va sòti pou mwen ! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

1 Samyèl 14:6

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 51:10-54:7

www.goodnewsdailydevotional.com



Samdi, 21 Jen

FÈ KÈW KONTAN

Jak 1:2 (KJV)

Frèm yo, konsidere tout sa yo ak kè kontan lè nou tonbe nan divès tantasyon.

Pasaj bibliik jodiya ansenye nou jan nou dwe konsidere tout sa yo ak kè kontan lèn fè fas ak tout kalite tantasyon. Mwen konnen li difisil pouw souri lè mèt kay ou a ap frape pòt ou pou lwaye ou te dwe peye sis mwa anvan ou plis, oubyen lè ane sa pat sanble reponn ak non li, epi se tankou si lanfè menm te libere depi premye jou a.

Petèt kew te pèdi djòb ou, maryaj ou ap kraze, pitit devye, epi finans ou seche. Kitem ankourajew: Pawòl pwofetik Bondye a pou ou jodiya reyèl e Li pap ezite ni echwe. Bondye konnen sitiyasyonw lan. Li wè soufrans ou yo e Li kanmenm ensiste pouw fè kèw kontan paske Li konnen fen ak kòmansman. Sa wap travèse a se eskalye kap pèmèt ou pran pwochen nivo glwaw la. Disi fen dènye pati ane sa a, ou va briye plis e plis ankò nan Non pisan Jezi. Amèn.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Lavim se yon vi ekselans. Mwen dwe leve anwo tout sikonstans. Tan selebrasyonm rive; map fè kèw kontan e map rejwi nan Senyè a. Louwe Senyè a! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Ròm 5:3

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 55:1-57:3

www.goodnewsdailydevotional.com



Dimanch, 22 Jen

FWI ZANTRAY OU

Plenn 2:19 (KJV)

Leve, kriye fò nan nwit lan: nan kòmansman vèy nwit lan! Vide kèw kòm si se dlo devan Senyè a: leve menw nan direksyon Li pou lavi pitit ou yo, ki endispoze pou grangou nan kwen chak lari.

Vèsè jodiya di nou pou nou “vide” kè nou nan lapriyè. Mo “vide” a nan Ebre tradui pa shaphak, ki vle di vide ak kolè—tankou Jezi lè li tap priye nan Jaden Jetsémané a, kote ke sou entansite lapriyè Li a li tap transpire gout san. Pitit ou yo reprezante lanwiw ak espwaw. Lè enmi an dèyè yo, vide kolèw nan lapriyè epi di dyab la li paka gen pitit ou yo.

Jodi a mwen priye pou pitit ou yo. Yo pap soufri grangou, yo pap endispoze, e yo pap lage anba presyon lòt moun va ba yo. Lè wap priye pou pitit ou yo, fè li nan nuit pandan li fènwa—pandan vèy nwit yo. Pèsiste nan lapriyè ak tout kèw. Pouse nan lapriyè avèk entansite. Dyab la va retire menl sou pitit ou, epi fanmiw va chante louwanj nan ane glorye sa a.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen fikse limit ke lènmi an pap janm depase pou pitit mwen yo. Mwen deklare yon baryè pwoteksyon lè yo soti ak lè yo antre. Mwen pral yon manman pitit ki kontan, kounye a ak pou tout tan. Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Sòm 28:2

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 57:4-60:12

www.goodnewsdailydevotional.com



Lendi, 23 Jen

DEFI FANMI AN

Jan 6:42 (KJV)

Epi yo te di, èske se pa Jezi, pitit gason Joseph la? Èske nou pa konnen manmanl ak papal? Kòmanl fè ap di, mwen sòti nan syèl?

Mwen toujou di moun pou yo se yon tèrè ak yon selebrite nan wayom lespri a. Pandanw sou wout pouw kase malediksyon jenerasyonèl ki te make fanmiw, pa etone siw wè manm fanmiw kap pasew nan rizib e kap meprisew. Se nati fanmi pou yo meprize liberatè yo. Gade, menm Jezi te rejte pa pwòp klan Li!

Nou wè, se nan nati fanmi pou ridikilizew paske proksimite yo ak onksyon an bouche panse yo. Fanmi twò proch, sa fè ke yo pi souvan echwe nan rekonèt espiyèl la fasilman epi pafwa, yo pèdi. Ou gen responsabilite priye pou fanmiw e pou moun ou renmen yo. Priye ke yo rekonèt verite a epi ke yo pran nan benediksyon Bondye te mete sou viw la pandan ane sa.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen se yon pòtè bòn nouvèl; pa gen anyen ki va dekourajem nan misyon divin mwen. Limyè glorie ki anndanm nan va briye e retire tout fènwa nan fanmim pou glwa Bondye, nan Non Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Lik 4:22

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 61-64

www.goodnewsdailydevotional.com



Madi, 24 Jen

DÒMI MWENS PRIYE PLIS

Matye 13:25 (KJV)

Men pandan nèg yo tap dòmi, enmi Li an te vini epi li te simen zèb pami ble a, epi li tal fè wout li.

Enmi nap konbat la pi aktif nan nwit. Dyab la ak group li a travay nan nwit e yo wè rezilta yo lajounen alòske Kreyen yo ap wonfle nan pwofon somèy! Pa gen moun ki pèw paske Kreyentew la sipèfisyèl! Yon Kreyen ki pap priye se yon Kreyen san pouvwa. Mwen la poum leve lyon! Pawòl Bondye a di nou se wa ak prèt, nou pa rèn! Yon prèt nan kay la mare sentil epi li di dòmi pou tann pandan lap koresponn ak dyab la nan mitan lannwit lè li okipe.

Konstrui kapasitew ak karaktèw nan plas lapriyè a pou fanmiw ak biznis ou fleri. Ou pa ka ap dòmi tout lannwit alòske ènmi an ap fè ravaj, epi lèw leve, tout saw fè se enspekte domaj yo! Pa bay jew dòmi anvan kew wè milyon ak milya USD yo oswa ekivalan an nan kont bankèw, jiskaske kansè disparèt, povrete kite fanmiw, pou yo pa janm tounen nan Non Jezi! Amèn!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen pral anpeche jem repoze lè jenerasyonm bezwenm poum dirije. Se momanm poum briye, kidonk mwen dwe priye pou mirak mwen pran egzistans sou lotèl la san echèk ane sa nan Non Jezi. Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Matye 13:39

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 65:1-68:4

www.goodnewsdailydevotional.com



Mèkredi, 25 Jen

BANM MONTAY SA

Jij 5:20 (KJV)

Depi nan syèl yo zetwal yo te goumen, depi nan kous yo, yo te goumen kont Sizra.

Te gen yon tan kote Izrayèl tal nan lagè. Vanyan sòlda yo te deplwaye tèt yo sou chan batay la, e konba tap fè raj sou planèt Tè a. Ekriti pou jodiya di nou ke zetwal yo ak rivyè Kichon an te goumen pou pèp Izrayèl la. Se pa etonan ke David te vrèman kontrarye nan 2 Samyèl 1:21, li reprimande montay la epi dil ke li ka pa resevwa lawouze paskel pat goumen pou Izrayèl lè sa a, sa ki lakòz Izrayèl te pèdi batay la.

Moun tenèb yo konprann sa, men Kreyen yo pa konprann kew ka pale ak montay yo, rivyè yo, kont bankèw, kat bankèw, tè kotew plante a. Li lè pouw kòmanse pale ak eleman ki antourew yo. Pa fè silans; kòmanse pale ak tout bagay ki antourew yo apwopo de rezilta ou vle wè yo. Nan ane sa menm, lajanw pral reponn ak lòd ou yo. Kòmanse rele lajan pou reflete nan kont an bank ou. Se ane paw pouw atire bòn nouvèl yo toupatou!

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen pale ak tout sitiasyon ki vle marem, ou chwazi move kandida. Ou pa ka stopem, tè a pral pousem devan, lè a pral akselere vitès mwen, map rive pi vit kew panse, paske lanati bò kotem! Louwe Senyè a ! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Jozye 10:12

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 68:5-69:4

www.goodnewsdailydevotional.com



Jedi, 26 Jen

ARANJMAN DIVEN

Sòm 37:23 (KJV)

Se Seyè a ki bay lòd pou yon bon moun mache, li pran plezi nan chemen li.

Pasaj bibliik la di nou ke se SENYÈ a ki bay lòd pou yon bon moun mache. Mo "lòd" la nan ebre orijinal la se kuwn, ki vle di kanpe dwat, kòmande, sekirize, fikse, coze, rann pafè, dekrete, fè provizyon, etabli. Sa ede nou konprann ke lè Bondye baw vizyon an, Li bay provizyon tou. Li fèw pwospere nan vizyon li ba ou a san echèk.

Si pa gen pwovizyon pou vizyonw lan, sa vle di kew dwe revize vizyonw la. Vizyon Senyè a bay la pral pèfeksyone pa Senyè a, kise youn nan definisyon ki anwo yo. Yon lòt definisyon de 'lòd' se fè bon oswa pwospere. Kidonk, pa dekouraje. Senyè ki te baw vizyon an pa gen kapasite echwe. Li se yon chanjè destine. Preparew nan ane sa pandan ke tan felisitasyonw yo pral manifeste. Louwe Senyè a !

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen va gen yon antre triyonfan pandan ke map suiv vizyon Bondye te banm nan. Lavim va yon lavi temwanyaj, pa gen pyèj lènmi, ni sabotaj advèsè a ki pral stope pwogrèm, paske mwen kòmande pa Senyè a! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Sòm 18:19

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 69:5-71:16

www.goodnewsdailydevotional.com



Vandredi, 27 Jen

LAFWA ODASYE AN EGZANP

Mak 2:4 (NLT)

Piske yo pat kapab rive jwenn Jezi nan mitan foul moun yo, yo te dekouvwè do kay la anlè tèt li, yo te fè yon ouvèti, epi yo te desann paralitik la sou kabann li, dwat devan Jezi.

Èske nou wè jan mesye sa yo te gen asirans! Lè tout chemen pou mennen zanmi malad yo a bay Jezi te sanble bloke—pòt dantre a, menm fenèt yo—yo te refize abandone. Olye de sa, yo te inovatif e yo te fè yon nouvo pwèn dantre nan twati a! Kitem ankourajew jodiya—mirak ou a deja programe. Anfèt, li te kite men Bondye depi byen lontan!

Pe enpòt obstak ki bloke vizaw, kontraw, oubyen promosyonw, li va vini nan pa lontan. Si yo panse yo fèmen pòt dantre a, pòt dèyè a, oubyen fenèt la, pwèn dantrew pou grandè pral sòti nan yon aksè ki pa komen. Mirak ou a pral jwenn yon lòt jan poul jwenn ou, alòs pa enkyetew apwopo de kijan. Bondye ap fè yon chemen kote ki sanble pa gen wout. Paw la pral vini de yon antre ijans ki sòti anwo pou touchew! Amèn.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen programe pou siksè; lavim pap fini konsa. Mwen pral yon siy ak yon mèvèy vivan, kap respire, mache, danse, kriye, kap montre glwa Bondye! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Lik 5:19

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 71:17-73:20

www.goodnewsdailydevotional.com



Samdi, 28 Jen

LAFWA KI VIZIB

Lik 5:20 (KJV)

Lè Li te wè lafwa yo, Li te di: “Mesye, peche ou yo padone”.

Lafwa ka vizib. Yon lafwa solid, san konpromi vizib. Kijan yo ka wè lafwaw? Lèw aji sou li. Lafwa san aksyon mouri, kidonk ou dwe aji sou saw kwè a. Lafwa pa doute Pawòl Bondye. Gen moman ou dwe lite ak Pawòl la, tankou Jakòb te fè. Li te pèsistan, ankre, epi li te kenbe Pawòl la fèm jiskaske li te beni akòz odas li. Malgre doulè, dekourajman, ak travay tout lannuit, Jakòb te kenbe fèm jiskaske non li ak destinel chanje.

Kesyon jodiya se: Èske Bondye ka wè lafwaw? Timote tal fè lagè avèk pwofesi ki te pale sou lavil la. Nan ane sa, pawòl pwofetik yo relache sou laviw. Èske wal nan lagè avèk pawòl sa yo pouw wè yo kap akonpli nan fanmiw, biznis ou, ak ministèw? Sonje, ekonomi gras la pa fè sans; li fè lafwa. Resevwa mirak ou jodiya nan Non Jezi!

DEKLARASYON PWOFETIK

Lafwam dwe vizib; mwen doute dout mwen yo. Mwen se sa Bondye di mwen ye a—mwen gen pwosperite, mwen se yon finansè nan Wayòm nan, epi mwen se yon donatè avèk fòs, pare pou sipòte levanjil la kounya ak pou tout tan! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Jenèz 22:12

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 73:21-76:7

www.goodnewsdailydevotional.com



Dimanch, 29 Jen

MOMAN BONDYÈ ENPÒTAN

1 Istwa 12:32 (KJV)

E pami pitit Isaka yo, ki se moun ki te gen konesans sou tan yo, pou yo te konnen kisa Izrayèl ta dwe fè, te gen desan (200) chef nan tèt yo; e tout frè yo te anba kòmandman yo.

Nan chak peryòd tan, gen yon melanj opòtinite ak yon varyete posibilite. Kèk aksyon dwe fèt nan bon moman an; sinon, ou pap gen reziltaw vle yo. Pasaj bibliik jodiya di nou ke pitit Isaka yo te konprann tan ak sezon yo, sak te rann li posib pou frè yo te anba kòmandman yo.

Kounya, genyen de gwo faktè tan ke nou dwe konprann: chronos (kronòs), tan nòmal, tan chak jou, epi Kairos (kaywòs), tan diven, moman Bondye fikse. Lè kairos kwaze ak chronos, Sinatirèl la sipèpoze sou natirèl la, li transfòme destenw epi enpoze reyaltite selès yo sou sikonstans tèrès ou yo. Ou te antre nan moman kairos ou e bagay yo kòmanse chanje nan laviw kounye a!

DEKLARASYON PWOFEK

Mwen te fèt pou yon moman konsa, pou ranvèse nenpòt tras povrete nan fanmim. Mwen se moun ki pral brize malediksyon yo, ki pral travèse frontyè yo, ki pral kraze baryè yo, epi ki pral mete lapè a. Mwen chaje avèk yon manda divin pou konfwonte sa kap konfwonem yo e poum genyen nan Non pisan Jezi! Amèn.

ETID KONPLEMANTE

Estè 1:13

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 76:8-78:24

www.goodnewsdailydevotional.com



Lendi, 30 Jen

CHEMEN BONDYE KONT AKSYON BONDYE

Sòm 103:7 (KJV)

Li te fè chemen Li yo byen klè ak Moyiz, zèl Li yo ak pitit Izrayèl yo.

Pitit Izrayèl yo nan dezè a te vin abitye ak aksyon Bondye yo. Yo te manje lamann ke Bondye te ba yo kòm manje. Yo te wè Lanmè Wouj la fann pa Bondye, rad yo pat ni fennen ni chire, epi pye yo te grandi ansanm ak soulye yo. An reyalyte, yo te menm grandi ak rad yo! Bondye te bay yo zwazo ki te sòti nan lanmè pou vyann, ak dlo ki te soti nan yon wòch pou konble swaf yo. Yo te viv nan mitan mirak, siy, ak mèvèy an kontini. Sa yo se te aksyon Bondye yo!

Chemen Bondye yo, pakont, gen rapò ak entimite ak Bondye. Entimite sa devlope lèw pase ase tan nan lapriyè ap pale ak Kreyatèw, adore nan Lespri ak nan verite, epi aksepte Bondye reponn ou. Se yon kesyon de konnen Bondye wap sèvi a pèsònèlman, pa sèlman temwen mirak li yo. Relasyon sa ap grandi pandan wap li Pawòl li chak jou epi wap koute vwal. Pran yon desizyon konsyan pouw pase tan ak Bondye, epi Li pral revele tèt Li a oumenm pi plis chak jou nan ane sa.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Pawòl Bondye a se yon limyè pou chemenm. Mwen pap bite, paske Li dirije pam pandan map devlope yon relasyon sere avèk Li. Mwen chèche Bondye bonè nan Pawòl Li ak nan lapriyè. Ane sa a, mwen pral konnen chemen Li yo. Alelouya! Amèn.

ETID KONPLEMANTÈ

Egzòd 33:13

365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Sòm 78:25-72

www.goodnewsdailydevotional.com

ESKEW RESEVWA JEZI KRIS DEJA?

NAP ENVITEW POUW FÈ JEZI KRIS
SENYÈ LAVIW NAN FÈ PRIYÈ SA:

"SENYÈ BONDYE, MWEN VIN KOTTEW NAN
NON JEZI KRIS. MWEN KWÈ AK TOUT KÈM
NAN JEZI KRIS, PITIT BONDYE VIVAN. MWEN
KWÈ LI TE MOURI POU MWEN E BONDYE TE
LEVE LI NAN LANMÒ. MWEN KWÈ KE LI
VIVAN JODIYA. MWEN KONFESE AK BOUCH
MWEN KE JEZI SE SENYÈ LAVIM DEPI
JODIYA. AK LI E NAN NON LI, MWEN GEN
LAVI ETÈNÈL; MWEN FÈT ANKÒ (NE DE
NOUVO). MÈSI SENYÈ, POUTÈT OU SOVE
NANM MWEN! MWEN SE PITIT BONDYE
KOUNYE A. ALELOUYA!"

FELISITASYON! KOUNYE A OU SE PITIT
BONDYE.

To receive more information on how you can grow
as a Christian, please get in touch with us on

UK: +44 3333 448 612 / USA +1 240 781 6942
RSA +27 51 004 0209

www.uebertangel.org | www.goodnewsworld.com

PASAJ LABIB POU PWOTEKSYON

EZAYI 54

14 MWEN TE FÈT SOLID, ANRASINEN NAN LADWATI. BYEN LWEN TOUT TWOUB—PA GEN ANYEN POU M PÈ! BYEN LWEN LATÈRÈ—LI PAP MENM KA VIN PREM!

15 SI NENPÒT MOUN KI ATAKEM, MWEN PAP PANSE YON MOMAN KE SE BONDYE KI TE VOYE YO. E SI NENPÒT MOUN TA DWE ATAKEM, PA GEN ANYEN KAP PASE.

16 BONDYE TE KREYE FÒJWON KI MET DIFE NAN FÒJ LI EPI FABRIKE ZAM POU TOUYE. SE LIMENM TOU KI KREYE BANDI KAP KRAZE BRIZE.

17 MEN PA GEN OKENN ZAM KI KA BLESEM KI TE FABRIKE DEJA. NENPÒT MOUN KI AKIZEM YO PRAL FINI AK YO KÒM MANTÈ. MWEN SE SÈVITÈ BONDYE KIDONK MEN A KISA MPRAL ATANN: BONDYE PRAL FÈ ANSÒT KE TOUT BAGAY MACHE TRÈ BYEN POU MWEN.

SE SA BONDYE DIM E
SA PAP ECHWE NAN NON JEZI!

Egzibisyon Nasyon GoodNews pou ane a

Yon Gwo Vitrin pou Enpak Wayòm nan!

Egzibisyon Nasyon GoodNews pou ane a, ke pwofèt Uebert Angel te òganize, se te yon evènman grandyoz ki te fèt nan Ipodwòm anblematik la nan Harare, Zimbabwe. Egzibisyon prestijyez sa te bay yon platfòm pou divès depatman ministeryèl nan Spirit Embassy – Legliz GoodNews la, pou montre travay ki gen gwo enpak yo epi mete aksan sou mouvman GoodNews la ki toujou ap ogmante. Youn nan pi gwo rekò nan egzibisyon an se te vitrin GoodNews Daily (BònNouvèl Jounen an), kote patisipan yo te temwen enpak enkwayab devosyonèl sa nan gaye Levanjil la atravè mond lan. Yo te prezante edisyon GoodNews Daily Kids and Teens (BònNouvèl Jounen an pou Timoun ak Adolesan) yo tou, ki montre kijan yo kontinye ekipe ak enspire pwochèn jenerasyon an ak verite bibliki yo. Vizitè yo te gen opòtinite pou te lanse yo nan dènye materyèl GoodNews Daily (BònNouvèl Jounen an) yo epi wè kijan li te vin tounen yon zouti pisan pou nouriti espiyite atravè diferan peyi.

Èvènman an te make tou lansman plizyè inisyativ revolisyonè, ki elaji enfliyans mak GoodNews Daily (BònNouvèl Jounen an) nan nouvèl direksyon ki trè enteresan. Sòti nan nouvo materyèl pibliye ak platfòm dijital inovatè, egzibisyon an te reflete kwasans kontinyèl ak avansman vizyon pwofèt Uebert Angel ap mennen an. Avek prezantasyon atistik, ekspozisyon dinamik, ak yon atmosfè ki te ranpli avèk lespri, GoodNews Nation Exhibition (Egzibisyon Nasyon GoodNews la) te plis pase yon èvènman, se te yon selebrasyon enpak Wayòm nan. Pandan Spirit Embassy – Legliz GoodNews la, ap kontinye elaji, egzibisyon anyèl sa ka npe kòm yon temwayaj pisan nan travay kap fèt pou simaye Levanjil la ansanm ak avni gloriye kap vini an!

Pa Pwofèt Uebert Angel



BÒN NOUVÈL AN DEPLASMAN - MWA MONDYAL GANYÈ NANM YO

BÒN NOUVÈL AN DEPLASMAN make yon sezon evanjelizasyon ekstrawòdinè pandan ekip nou toupatou nan mond lan te patisipe nan MWA MONDYAL GANYÈ NANM YO, yon inisyativ pisan enspire pa Pwofèt Uebert. Pandan kanpay sa ki chanje lavi anpil moun, ekip devwe nou an te desann nan lari a, avèk pou zam devosyonèl GoodNews Daily an (BònNouvèl Jounen an), pataje Levanjil la avèk kran ak pasyon. Sòti nan sant vil yo rive nan kominote riral yo, yo te distribye plizyè milye kopi devosyonèl BònNouvèl Jounen an, ki te touche lavi epi deklanche lafwa nan kè anpil moun. Pandan moun yo te resewa Bòn Nouvèl la, anpil nanm te bay lavi yo ak Kris, sa ki te make yon gwo rekòt pou Wayòm nan. Lari yo te vin tounen yon chan misyon, e chak rankont te yon opòtinite pou gaye lanmou ak mesaj Senyè nou an Jezikri.





Mouvman enkwayab sa te demontre pouwva Spirit Embassy – Legliz GoodNews la pou atenn mond lan ak Levanjil la. BÒN NOUVÈL AN DEPLASMAN se plis pase yon evènman, li se yon apèl pou aksyon, raple chak kwayan ke evanjelizasyon se yon fasonw viv. Pandan enpak la ap kontinye grandi, nap selebre anpil lavi ki transfòme yo epi nap tann ak enpasyans lòt eksplwa pi gran nan genyen nanm pou Kris!

To see more visit:
www.goodnewsdailydevotional.com

KOLEKSYON BÒNNOUVÈL JOUNEN AN



ACHTE KOPY
PAW LA
JODIYA!

Pouswit Pawòl Bondye a: debloke richès espirityèl atravè Koleksyon BònNouvèl Jounen an. Nan pouswit yon lavi ki anrasinen byen pwofon nan Kris la, yon devouman san mank nan Pawòl Bondye a fòm wòch nan kwen an. Koleksyon BònNouvèl Jounen an, Volim 1 founi yon resous san parèy pou vwayaj sa a, li byen òganize levanjil la an seksyon tematik pou etid anrichi ak konpreyansyon fasil.

Pa Pwofèt Uebert Angel

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM



SPONSORE YON LANG

Jwenn nou nan vwayaj remakab sa nan patwone ak pataje Devosyon BònNouvèl Jounen an pou nou ka antre nan kè plizyè milyon atravè mond lan. Ansanm, nou ka gaye mesaj bòn nouvèl favè Bondye a nan chak vil, chak ri, ak chak kay nan plizyè lang atravè mond lan. Chak mwa, patnè devwe nou yo distribye kopi gratis Devosyon BònNouvèl Jounen an pou moun ki nan òfelina, prizon, lopital, kay pou granmoun aje, lekòl, enstitisyon gouvènman an, ak anpil lòt kote atravè mond lan. Nou te resevwa temwayaj sou sali, gerizon, pwovizyon divin, ak anpil lòt kòm rezilta kanpay distribisyon mondyal sa a. Rantre e fè pati mouvman gloriye Bondye sa nan bay yon moun chans pou yon nouvo kòmansman ak espwa tou nèf pou demen.

Pa Pwofèt Uebert Angel

@GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

SPONSOR AT: WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

DISPONIB NAN PLIZYÈ LANG

GID PWOFFETIK OU CHAK JOU

BònNouvèl Jounen an disponib kounye a nan edisyon adolesan ak timoun, ansanm ak vèsyon prensipal la, ki pote pou ou yon pawòl pwofetik chak jou ki sòti dwat nan kè Prophet Uebert Angel. Devosyon sa yo prepare pou rann Pawòl Bondye a vivan pou tout moun nan fanmiw. Edisyon pou timoun yo prezante lafwa, lanmou, ak pwomès Bondye yo nan yon fason ki amizan ak kaptivan, alòske edisyon adolesan yo pote plis konesans pou gide yo nan lavi avèk sajès espiyèl ak fòs. Chak jou, resevwa konsèy pwofetik ki adapte ak mach ou ak Bondye, kèlkeswa laj ou! Pa manke opòtinite sa epi jwenn yon kopi gratis jodiya.



SCAN ME

PA PWOFFÈT UEBERT ANGEL

@GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM



YON VIZYON GLOBAL MANDE YON BIDJÈ GLOBAL

VINI YON PATNÈ BÒNNOUVÈL JOUNEN AN

Gras ak patenarya jenere ou ansanm ak sipò finansyew nou kapab pataje devosyon BònNouvèl Jounen an nan tout kwen nan mond lan epi rakonte moun ki pa konnen yo revelasyon bòn nouvèl Senyè nou an Jezi Kris jan Trè Estime Pwofèt Uebert Angel te anseyel la.

. Nou kapab tradui, enprime, epi distribye devosyon BònNouvèl Jounen an atravè Vwayaj Misyone nou yo, Kanpay GoodNews On-The-Go, epi patwone yon kanpay Nasyon/Lang pou ede plis simaye levanjil la. Vin yon patnè ak moun ki gen enterè nan vizyon mondyal sa a epi vin ansanm ak nou nan pote mesaj diven Bondye a bay nasyon toupatou nan mond lan atravè Zanj Mesaje nou an, Bòn Nouvèl Jounen an.

**Pa Pwofèt
Uebert Angel**

@GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

PARTNER AT: WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

BYENVINI NAN SANT AN LIY NOU AN! PA PWOFE T UEBERT ANGEL

VIZITE SIT ENTÈNÈT NOU AN

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

 @GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL



Eksperyans enspirasyon chak jou ak kwasans espiyèl lè w vizite sit entènèt Good News Daily a. Plonje nan Pawòl pwofetik ou pou jounen an ak kontni anrichisan ki ka transfòmè lavi ou. Pa rate opòtinite pou apwofondi lafwa w epi jwenn lajwa nan Pawòl Bondye a. Vizite sit entènèt Good News Daily jodiya!


For more information visit: www.goodnewsdailydevotional.com

You can also send an email to: gnd@goodnewsworld.com


Or Call At: **USA: +1 (240) 781-6942 UK: +44 333 344 8612**

ZW: +263 773 195 955 RSA: +27 (51) 004-0209

LOUVRI CHAK JOU



Rantre nan kominote global nou an ki chaje oditè kap demare jounen yo ak Devosyon BònNouvèl Jounen an. Tande Good News sou Spotify epi kite sèviw konpay sou chemen kwasans espirityèl ak verite bibliik anba revelasyon ak ansèyman Pwofèt Uebert Angel yo.



LOUVRI CHAK JOU



Youtube

Nou pote ba ou temwayaj reyèl sou enpak Devosyon BònNouvèl Jounen an te genyen atravè lemond atravè chanèl YouTube nou an. Kòm nimewo en devosyon chak jou, li te tètman touche lavi moun ke nou paka konte, gaye mesaj lespwa, lanmou, ak lafwa. Atravè ansèyman pwofon Pwofèt Uebert Angel yo, Devosyon BònNouvèl Jounen an vin tounen yon zouti pisan pou transfòmasyon pèsonèl, enspire moun, fanmi, ak timoun yo pou viv yon lavi ki gen objektif ak akonplisman.

Pa Pwofèt Uebert Angel



SUBSCRIBE NOW

@GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM



TheGoodNewsWorld Helplines

USA: +1 (240) 781-6942

UK: +44 333 344 8612

ZW: +263 773 195 955

RSA: +27 (51) 004-0209

www.goodnewsworld.com